# *CHIRATIDZO CHECHOKWADI CHISINGACHERECHEDZWI*

. . . kuungana mangwanani ano muZita raIshe Jesu, uye mushure mekunamata zvakanyanya. Uye mangwanani ano, handina kukurumidza kumuka. Ndaita sekunonoka, kumuka, uye ndinofunga kuti munhu wese anoziva chikonzero sei zvadaro, iko zvino.

2 Ndakauya kumba, mamwe mangwanani, kana humwe husiku, zvino muvakidzani wangu akanga akamira pachivanze, iye nemwanasikana wake muduku. Mudzimai wake mukoti mukamuri yekusunungutsa uko kuchipatara. Saka aive ne—netsvimbo muruoko rwake, yakada kureba *zvakadai*, iine chinyorwa chi—chidiki pairi, ribhoni, uye nekanhu kadiki kaiti, "Sekuru Branham kubvira, ndinotenda, nguva dza 3:43 kana 4:43, Gumiguru 11." Tevere, mabhuraketi makuru-kuru pazasi, makanzi, "Machembera kupfuura zvamunofunga." Saka ndine kodzero dziri pamutemo zvino kuti ndimbozorora zvakawedzera zvishoma pamangwanani. Ndizvozvo, Hama Wright, kana iwe—kana iwe wava sekuru?

3 Uye saka ndinofungidzira kuti zvinoita sekundipa pembedzo, zvino, Hanzvadzi Kidd, mangwanani ano, yekusamuka pamauya muchibva kuOhio. Chokwadi ndinonzwa kuwedzera kuchembera nemakore 10, ndinofunga, kunyangwe hazvo, mushure maizvozvo. Asi, sezvamunoziva mose kuti ndine muzukuru mudiki kunze uko, angangoita mapaundi 7 kana 8, zvakada kudaro, mwana mudiki akashata kupfuura vese vandati ndamboona. Akati, "Akangofanana nasekuru vake." Saka . . . Zvino ndanga ndichingoona kwaakaenda, kwakaenda Billy.

4 Saka, manheru apfuura, ndichidzika nemuhoro, mushure mokunge ndambofona, ndakasangana neboka reshamwari dzakatendeka dzekuGeorgia nekwakapoteredza, uye tose takanga tiri kunze ikoko takatarisa tumachinda tudiki twacho. Zvino twakanaka. Zvino, twunongo . . . Ndaigara ndichinzwa chimwe chinhu kunge, "Billy, unotya kuti uchavatyora, munoziva. Vakaita vadiki kwazvo." Uye ndinotenda kuti vaiva Hanzvadzi Beeler vakati . . . Ndaimbofunga . . . Vaimbofungawo kudaro zvakare, asi, mushure, vakazoona kuti havatyoki zviri nyore. Saka, ndinofunga kuti zvakangoda kuva saizvozvo.

5 Nezuro masikati ndakava nemukana wekuve zasi kuimba yeimwe yehanzvadzi yedu pano yepachechi, imba yemwanasikana wavo; uye ndinofunga kuti naiyewo ari pano

pachechi, kwavakava nesvusvuro diki yebhavhadhe raHama Neville. Zvino vakange vaine chimwe chikwangwani cherwendo chavakapfuura nezuro. Uye nokudaro tiri kuti kuna Hama Neville, "Makorokoto makuru ebhavhadhe," mumwe nomumwe wedu, nokuti ihama yakanaka kwazvo. Uye, zvechokwadi, vachangopfuura 25, zvishoma, saka sezvakangoitawo ini. Uye saka tangoipfuura, kechipiri. Ndizvo . . . Zvino ndiko kwave kuva mutana, kana ukapfuura danho iroro kechipiri, munoziva.

6 Ndinorangarira mangwanani apo Frankie Weber akauya kumusoro kuno. Zvino akanga ari muvakidzani wedu pano; mwanasikana wake anogara ipapo zvino. Iye ari kuFlorida. Zvino Frankie neni takaenda kuchikoro pamwe chete. Uye Frankie akaisa mumupiro wake webhavhadhe. Zvino ndakanga ndave ndichiparidza ipapo kwemakore anenge 3 kana 4. Ndakatungamirira Frankie kuna Ishe Jesu. Zvino akaisa 25 senzi. Ndinofunga kuti ndaiva nemakore 22. Zvino akaisa 25 senzi. Ndakafunga, "Oo, ini zvangu, munoreva here kundiudza kuti Frankie Weber ava nemakore 25 okuberekwa? Fiyuu! Ini zvangu, ndaitotya nguva yandaizosvika 25." Zvino ndave kugadzirira kuisa 3 awo, saka zvino, munguva pfupi. Saka izvo—izvo hazvingotore nguva refu kupapfuura.

7 Kana ndikatarisa kuno ndichiona Hama neHanzvadzi Kidd vakadarika 80 uye vachiri kuenda mberi vakasimba, ndofunga, "Ishe Jesu, ndiregerereiwo pakunyunyuta, pa 52." Uye ivo . . . Mune 80, uye Hama Kidd vane 81. Ndizvo here? 81. Uye vachiri muhushumiri. Uye ndinokuudzai, zvinotipa kushinga, handizvo here? Zvirokwazvo zvinodaro. Zvirokwazvo Ishe vakatinakira.

8 Zvino, pane chinhu chimwe chete chakaipa chandinotya, kuva nemusangano pano mangwanani, uye ndizvo . . . Zvakaipa, zvinonzwika sechinhu chinonyadzisa kutaura. Asi ndine shamwari dzakawanda kwazvo dzinouya, kubva kure-kure, ku—kushumiro.

Handisi kuona vekwaEvans pano, asi vari pano pane imwe nzvimbo, ndinofunga kudaro. Havambopotsi kana imwe. Uye munoziva here kuti mamaira mangani avanotyaira Svondo yoga-yoga kuti vanzwe mharidzo? Mamaira 1,300. Havakwanise kuita rwendo rwacho rwuve pasi pemadhora 60 kusvika 70 pavhiki, kuenda kuchechi, ndizvozvo, nguva yavanouya pano nemhuri yavo, yavo yose, vanoenda kuno uku, vonobhadhara.

9 Zvino, kwete izvozvo zvoga, asi heino hama diki inobva zasi kuAlabama, inotyaira chinhambwe chinenge chimwe chetecho vhiki rega-rega. Hama . . . Oo, ini zvangu! Hama "Welt"? [Imwe hama inoti, "West."—Mupepeti] West. Ini . . . Vanoratidzika semukomana, kwandiri. Ndi—ndibaba, vane boka revana. Asi vanogara vachingondifungisa, vanotaridzika kuve vechidiki, ivo nemudzimai wavo. Hama West.

10 Hama neHanzvadzi Palmer vagere kumashure uko, vanobva kuzasi kweMacon, Georgia.

Ne—neHanzvadzi Ungren, kazhinji vanenge vari pano, vanobva zasi kuMemphis, Tennessee. Vari pano mangwanani ano here? Ini—Ini . . . Kazhinji vanenge varipo. Hanzvadzi Ungren ne—neboka rinobva zasi kuMemphis, Tennessee, kure, hongu, kumashure-shure.

Uye kune vamwe. Ndango . . . Vakangowanda, kuvadoma. Vamwe vavo, vanobva zasi pasi kuchamhembe kweKentucky. Vamwe, kumusoro kwakapoteredza Chicago. Uye vamwe vanobva kuChicago, uye nekumusoro kweChicago, kumativi ose.

11 Svondo, ndakanzwisisa kuti paive nemumwe murume pano akauya nzira yose kubva kuCalifornia, uye aingova nechinguva chiduku chekugara; aida kundiona. Chokwadi, ndaive ndakabatikana, mushure memusangano. Zvino murume wacho akadzokera, ndisina kumuona.

Mumwezve akauya achibva uko kuIllinois, kune imwe nzvimbo. Kana murume iyeye ari pano mangwanani ano, iwayo akanga ari maapurosi anonaka kwazvo andati ndambodya. Zvino akandiunzira tswanda yemaapurosi.

Uye imwe yehama inobva zasi kuGeorgia, ndinotenda ndizvo, kana kumwewo, vakaunza pasuru guru remapecan, akada kukura *zvakadai*, nzungu. Uye, oo, ndinogona kunyatsoadya!

12 Iko zvino, ndiri, hongu, handisi kudya zvikafu zvinonaka mazuva ano, handisati kubva pakaenda amai vangu. Ndiri kutsvaka Ishe kuti ndiwane chiratidzo chi—chitsva. Ndiri kungodya zvinhu zvakapfava, uye seizvo ini . . . zvishoma zvandinogona kurarama nazvo; ndakarasikirwa nemapaundi 20 ehuremu. Zvinova . . . Zvino, handisi kutsanya. Handi . . . kwete. Kuti, kungoita izvozvo, hakusi kuzvipa kuna Ishe. Unoda kupa Ishe zvakanakisisa zvaunazvo. Kwete . . .

13 Zvangoitika kuti ndaona Hama Sumner nevamwe kumashure uko zvakare. Kune vakatongowanda. Ini . . .

Sezvakaita, Svondo yapfuura, ndaitaura nezvevanhu avo—avo vakagara naamai, nezvimwe. Uye imwe hanzvadzi yakatendeka chaizvo yakanga iripo. Ndakakanganwa kudoma zita remudzimai iyeye. Zvino, kana ari pano mangwanani ano, ndinokumbira ruregerero. Mumwe wavo aiva Hanzvadzi Beeler, uye mumwe wacho aiva Hanzvadzi naHama Steffy. Uye vakawanda kwazvo! Ini . . .

14 Imi mose munondiziva zvakakwana zvekuziva kuti handireve izvozvo, kana ndikasacherechedza zita kana kusacherechedza mumwe munhu. Vose vakanga vakavimbika kwazvo! Uye dzimwe nguva ndakangogara pano, ndinozotaura

nezvemumwe munhu angouya mupfungwa dzangu. Asi ini . . . Pane izvozvo, ndinoreva boka rose, munhu wose, munoona, zvakangonaka kwazvo. Uyezve, munhu wose, akanaka, ane mutsa kwatiri. Uye zvechokwadi tinozvitenda.

15 Uye zvino, mangwanani ano, tichaedza kusvika kuShoko raMwari zvakare. Zvino, ndinoda kuita chirevo ichi, kuti zvinyatsojeka, kuti ini—ini handingouyi kune chero musangano kuti ndingoonekwa. Ini handiuye ikoko kuzongotaura kuti, "Zvino, ndiri kuda zvimwe kunyengetera kuna Ishe kuti vandipe mha—Mharidzo inongoita kuti vanhu vanzwe zvakanaka chaizvo uye vagodanidzira." Takava nedzakawanda idzodzo, asi, uye tinodzifarira. Zvakanaka. Maona? Zvinoshamisa. Maona? Asi chandinoda kuziva, ndechekuti, "Ishe, iMi tungamirai pfungwa dzangu mune chimwe chinhu chichabatsira vanhu, chichavaisa pedyo naMwari, chicha—chicha—chichavaitira chimwe chinhu, kuti—kuti, kwete zvakanyanya kuvavaka pamweya, asi kuvavaka muzivo nokuraira kwaMwari, kuitira kuti vagoziva kumira kana muvengi auya."

16 Ndaitaura nehanzvadzi yanga iri kumusoro kuno vachishanya vhiki rino, Hanzvadzi Palmer. Vakati, vaida kuziva kuti ndaimbogara sei munyika ino. Ndizvo, uchingopinda muno, uye, hongu, pese pandinopinda mumupata ndinorwara pandinongopinda. Hamuna hutano hwakanaka mumupata muno. Tinozviziva. Asi Mwari vane vana vakawanda zasi muno. Uye saka rimwe remazuva ano . . .

17 Ndiri kutsvaga Ishe zvino, kuti ndiwane Mharidzo yakananga chaiyo kubva kuna Mwari. Maona? Uye ini, nerubatsiro rwaMwari, ndinongovavarira kuramba ndakamira kusvikira Vauya, kusvikira Vataura chimwe chinhu kwandiri. Nokuti ndinonzwa kuti panofanira kuva . . . Pane chimwe chinhu chava kuda kuitika neche pano, uye ndinoda kuziva kuti chii. Ndinoda kuziva kubva kuna Mwari zvakananga, kuitira kuti ndigone kuti iZVANZI NAJEHOVHA. Maona? Uye zvakare—zvakare munogona, imi, vanhu, ipapo munobva mazoziva kuti handi—ndisi ini. Saka, ndinoda kuyedza kuti zvidaro, kuti, kana kuti, ndinzwe kubva kwaVari kutanga.

18 Nokuti, kana Vakaisa Mashoko aVo mu—mumunhu, zvadaro, ipapo haasisiri munhu wacho zvachose; ndiVo. Zvino kana munhu wacho ari kuzvitaura, pachezvake, hazvina zvazvinobatsira hazvo. Asi kana Ari, Shoko raShe, riri mumunhu, Richabuda, uyezve zvichava—zvichava izvozvo chaizvo. Ndizvo zvatakarairwa muBhaibheri, muchitsauko 20 chaDeuteronomio, ndinotenda kudaro, Yakataura kudaro, hongu, "Tarisai, uye kana mumwe akataura muZita raShe, uye zvikasaitika, zvino musaite basa nemunhu iyeye." Maona? "Asi kana vakazvitaura zvikaitika, zviri nani muzvinzwe," munoona, "nokuti zviri kubva kuna Mwari."

19 Ndizvo zvakaitwa naMwari. Vane hurongwa hwaVo hwenguva dzose hwakaiswa muno muBhaibheri. Tinoziva maverengererwo ahwo. Asi pane zvimwe zvinhu, izvo—izvo kuChechi uye nekunguva nezvinhu, zvaVasina kunyora muno muBhaibheri, saka Vanoisa Inzwi raVo mumunhu zvino ivo voRitaura, munoona, voRitaura. Saka, zvino, nzira yekuyera nayo munhu iyeye kuona kana zvichiitika nenzira yavanozvitaura nayo. Zvino, kana zvikaitika, uye zvoramba zvichiitika saizvozvo, zvinoka, tinobva taziva kuti zvinobva kuna Ishe. Zvino isu—zvino tine chivimbo, zvino, chekugadzirira zvinhu zviri kuuya.

20 Ndinoda kuverenga nzvimbo 2 kana 3 muMagwaro mangwanani ano. Uye ndinoda kuverenga, kutanga, kubva muBhuku raEksodho, uye ndinotenda sekunge pachitsauko 4 cha—chaEksodho, kutanga.

21 Uye zvino ndinogona kuzivisa pamunenge muchigadzirira kuverenga Magwaro aya, ndinogona kuzivisa zvandinoda kutaura kwamuri, izvo Ishe vaisa mumwoyo mangu kuti nditaure nezvazvo, mangwanani ano. Handizivi zvaVachaita nazvo, kuvanhu; pamwe zvakanangana nemunhu mumwe chete pano, pamwe nemumwe munhu kunze kunyika yematepi, kumwewo. Asi ndinoda kuzivisa, mangwanani ano. . .

22 Ndinofunga, mangwanani eSvondo yapfuura, ndakaparidza pamusoro pe*Chapupu Chechokwadi*. Uye mangwanani eSvondo ino, Ishe vachitendera, ndinoda kuparidza pamusoro pe*Chiratidzo Chechokwadi Chisingacherechedzwi*.

23 Ini. . .Hama Palmer vaindiudza, manheru akapfuura, kuti mangwanani eSvondo yakapfuura ndakataura pamusoro pechidzidzo ichi. . .kana kuti vakati ndaive ndichataura, Svondo ino, nezve "Mharadzano 4 dzeChechi." Uye pandakapinda nezuro manheru. . .Ndinowanzozvinyora pasi. Chii. . .Handizivi kana muchafanira kuita izvozvo kana kwete. Asi ndine zvinhu zvakawanda kwazvo, zvandinoedza kufunga nezvazvo. Ndinowana chimwe chinhu, ndinofanira kuchinyora pasi pabepa. Maona? Zvino ndakaenda kunozvitarisa, uye zvandaireva nezvazvo dzaisave mharadzano 4 chaidzo. Ndakazvitaura saizvozvo, chokwadi. Asi zvandaireva, zvaive zvekuti, "Zvimiro 4 zvehurumende dzeChechi." Uye kuti ndiite izvozvo, ndinofanira kuunganidza nhoroondo yakawanda pamwe chete. Uye zvimwe nguva inotevera ndichave nazvo. Asi zvinotora nguva yakati rebei kupfuura yandaive nayo, nguva yekunzvera, kuti ndizviwane, nokuti unofanira kudzokera shure kunotora mazuva, nezvimwe zvakadaro.

Nekuti, imi mose, mose munonzwisisa kuti zviri kwese-kwese. Handiti, tinoda kuva nechokwadi chizere chezvinhu izvi tisati tazvitaura. Zvinofanira kuva zviri izvo chaizvo. Nokuti, takamira pano, tiri muhofisi yepamusoro-soro iripo pasi rose:

mushumiri. Mushumiri, uye akanyanyisa kuva wechokwadi nemazvo, akanyatsonanga, tinofanira kuve takadaro. Tinofanira kuvimba naMwari kuti tizviite.

Zvino, muBhuku raEksodho, chitsauko 4:

> *Zvino Mosesi akapindura akati, . . . tarirai, havanganditendi, kana kuteerera izwi rangu: nokuti vachati, JEHOVHA haana kuzviratidza kwauri.*
>
> Zvino *JEHOVHA akati kwaari, Chiiko icho chiri muruoko* rwako? Zvino *akati, Itsvimbo.*
>
> Uye *akati, Ikandire pasi.* Zvino *akaikandira pasi,* zvino ikauya *nyoka;* zvino *Mosesi akaitiza.*
>
> *Zvino JEHOVHA akati kuna Mosesi, Tambanudza ruoko* rwako*, uibate parumhinda.* Zvino *iye akatambanudza ruoko rwake, akaibata, ikashanduka kuva tsvimbo muruoko rwake:*
>
> *Kuti vatende kuti JEHOVHA Mwari wamadzibaba avo, Mwari waAbrahama, Mwari waIsaka, naMwari waJakobho,* aka*zviratidza kwauri.*
>
> *Zvino JEHOVHA akatiwo*zve *kwaari, Isa* zvino *ruoko* rwako *muchipfuva chako.* Uye *akaisa ruoko rwake muchipfuva chake: zvino akati arwubvisa, onei, ruoko rwake rwava rwati mbembe sechando na*maperembudzi.
>
> Zvino *akati, Isa ruoko rwako muchipfuva* zvakare. Zvino *akaisa ruoko rwake muchipfuva chakezve;* ndokurubvisa *muchipfuva chake,* zvino, tarira, rwaive *rwashandukazve* seimwe *nyama yake.*
>
> *Zvino* zvichaitika kuti, *kana vachiramba kukutenda,* kana *kuteerera* kui*zwi rechiratidzo chokutanga,* kuti *vachatenda izwi rechiratidzo chechipiri.*

Munocherechedza zviratidzo 2, uye . . . chiratidzo chimwe nechimwe chaiva nenzwi. Regai ndiverenge ndima 8 zvakare:

> *Zvino* zvichaitika kuti, *kana vachiramba kukutenda, kana kuteerera* kune *izwi rechiratidzo chokutanga,* kuti *vachatenda izwi rechiratidzo chechipiri.*
>
> *Zvino* zvichaitika kuti, *kana vachiramba kutenda zviratidzo* izvi *2, kana* kuteerera *izwi rako, uchere* mvura dz*omurwizi, uidururire pa* . . . ivhu rakaoma: zvino *mvura* yaunobuditsa kubva murwizi ichava *ropa* pavhu rakaoma.

24 Uye zvino muna Mutsvene Johane, chitsauko 1 nendima 6, tinoverenga ndima idzi, kana ndima iyi. Mutsvene Johane, chitsauko 1 uye ndima 6. Uye . . .

> *Kwakanga kune* murume *akatumwa* kubva kuna*Mwari, zita rake rainzi Johane.*

> . . .murume *akatumwa* kubva kuna*Mwari, zita rake rainzi Johane.*

25 Uye muna Ezekieri 24:24, ndinoda kuisa Gwaro iri imomu, ndichiribatanidza kubva muTestamende Yekare, kuvaporofita, kuenda kuTestamende Itsva; kuitira kuti munzwisise kuti rinofamba nzira yese, kubva kuna Eksodho, kumavambo kusvika kumagumo.

> Naizvozvo *Ezekieri chiratidzo kwamuri:* maererano nezvose *zvaakaita nemi muchazviitawo:* uye *kana* izvi zvasvika, *muchaziva kuti ndini Ishe* MWARI.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana tichiswedera noruremekedzo kwaVari zvino nenzira yomunamato.

26 Mwari Baba, tinouya muZita raMwari waAbrahama, Isaka, newaJakobho: Jesu Kristu, akarurama. Tinouya, tichiziva kuti Achatinzwa, nekuti hatiuyi semunhu anga achangobva kupinda muchivakwa, asi tinouya takashinga nokutenda, tichitenda kuti zvaAkavimbisa, ndizvo zvaAchaita. Saka tinokumbira, nhasi, Ishe, kuti Mutore mumwe nemumwe wedu ari pano, nzira yose kubva papurupiti kusvika kumashure kwechivakwa, munzvimbo dzose, uye muzarure mwoyo wose uye mudzingise kunzwa kwedu, kuti Shoko raMwari mupenyu riuye kubva Kudenga, mangwanani ano, rigodururirwa mumwoyo yedu, kuti tigotenda, apo patinonzwa Shoko raShe uye sezvaraverengwa kwatiri munzeve dzedu mangwanani ano. Uye tinoKutendai nokuda kweShoko reNyu. Shoko reNyu iZvokwadi.

27 Uye zvino, tichiona nguva dzakaipa dzichiswedera, hasha dzose dzaMwari dzakaungana mumatenga. Uye zvinogona kuitika kuti chero nguva panogona kuitika chimwe chinhu kunyika ino yakaKusiyai, kuti panozova nekuputika kukuru 1 kuchazobvisa nyika zvachose pamepu yepasi rose, netyisidziro seri kwayo, yenyika isina humwari ine chidokwadokwa chekuzviita. Uye vachiziva kuti, pachinzvimbo chekuswedera pedyo naMwari, vanoita sevari kutoenda kure. Tichiziva kuti Bhuku reZvakazarurwa uye nekudzika nemuMagwaro akafanotaura nezvezuva rino, zvino ngatitorei yambiro, Ishe, tirege kuva nousimbe uye nokuvata takabatwa nehope, tingati. Ngatisimukei tizvizunze.

28 Dai tave nokunzwisisa, nhasi, sekwatisina kumbova nako kumashure. Dai mwoyo yedu ikange ichipfuta kwazvo, mushure mezuva ranhasi, zvokuti pave nemoto uchatungidzwa mumweya yedu uchatsvaira uchipfuura nemunyika ino, Ishe, uye nechapupu chipenyu kwese kwatinenge tiri.

29 Ropafadzai vanorwara nevanotambudzwa, avo vanoshayiwa, vose vari pakati pedu nevasiri pakati pedu, vanhu veNyu, kwese zvako.

30 Ropafadzai Shoko reNyu, Ishe. Chenesai muranda weNyu, navaranda veNyu vari kuteerera, kuti, pamwe chete, tigounzwa pakunyatsocherechedza kuonekwa kwaKe, kupfuura zvazvaiva kumashure muhupenyu. Handisi kunamatira ava vari pano chete, asi avo vachanzwa tepi pasi rose, kuti vaunzwe muChechi yaMwari mupenyu. Nokuti tinocherechedza kuti pane nzira imwe chete yatinogona kuva nhengo yeChechi iyoyi, inova yokuberekwa noMweya, zvino tinobhabhatidzwa noMweya 1 muMutumbi 1. Mwari, ndinonamatira, mumwe nemumwe wavo pasi rose, kuti MuZviwanire mbiri. Uye dai tagadzirira mweya yedu, kuti nekudanidzira kumwe chete pasi rose, tigodanidzira kuti, "Kunyange hazvo, huyai, Ishe Jesu." Tinokumbira izvi muZita raJesu Kristu. Ameni.

31 *Chiratidzo Chechokwadi Chisingacherechedzwi.* Vanhu vakatsvaka zviratidzo, nzira yose kubva kuna Farao kusvikira nhasi.

Zvino Jesu akatiudza nezve ngu—nguva pachava nevanotsvaka zviratidzo, ndokutaura, kuti, "Chizvarwa chakaipa, chizere noupombwe chinotsvaka zviratidzo. Asi, zvakadaro, vachazogamuchira chiratidzo." Uye chizvarwa ichocho chaizogamuchira chiratidzo cherumuko; icho chinozenge chiri chizvarwa chisina simba, chakaipa, uye chizere noupombwe chinozopiwa chiratidzo chorumuko.

32 Asi seGwaro iri riri pamberi pedu, muna Ezekieri chitsauko 24 nendima 24, muporofita uyu akaitwa chiratidzo. Uye ndicho chiratidzo chandinoda kutaura nezvacho.

33 Murume uyu akaitwa chiratidzo kuIsraeri. Uye zvichidzika nemuMagwaro, Mwari vakashandisa vaporofita vaVo sezviratidzo. Uye ivo nguva dzose vagara vasingacherechedzwi. Havamboita sevanoona chiratidzo ichocho. Vanogara vachitsvaga chiratidzo chemanyawi.

Kunyange vaFarisei vemazuva aJesu, vakati, "Tiratidzei chiratidzo chinobva Kudenga."

34 Asi Jesu akataura kwavari kuti vaizowana chiratidzo. "Makatowana kare chiratidzo." Akati, "Munogona kunzvera matenga. Munogona kutarisa chiratidzo ichocho. Munoti, 'Kana kwakatsvuka, kwakakwidibira, mangwana kuchave nemamiriro ekunze akashata.'"

35 Kana dai vaive vakatarisa pachiratidzo, vangadai vakaMutarisa, vakaziva kuti Aiva chiratidzo chaMwari kwavari; nokuti zviporofita zvavo pamusoro paKe zvakanga zvichizadziswa pamberi pameso avo. Asi vaingove vachiri kutsvaka chiratidzo.

36 Zvinoshamisa sei kuti vanhu vanoita izvozvo, kuti vanotsvaka chiratidzo icho chiratidzo chiri pamwe navo chaipo, pakati pavo chaipo. Zvino, Israeri yakanga yapinda muchinhano ichi.

37 Uye dzimwe nguva kurwadziswa uko chiratidzo ichocho chinofanira kupfuura nemakuri kunoshamisa; marwadzo ayo Jesu akapfuura nemaari, kuti aratidze chiratidzo chaMwari, kuti Akanga ari Mesiya.

38 Tinoona pano, muporofita wechidiki uyu ainzi Ezekieri aigara ari chiratidzo, nguva dzose. Marwadzisiro aakazviita pachake! Imwe nzvimbo pano tinoona paakarara nedivi rake rekuruboshwe kwemazuva 390. Mwari vakamuudza kuti atore bhinzi nemuto, ozvisanganisa pamwe chete, ozvibika, uye ozviisa padivi pake, uye onorara pataira, orara norutivi rwake rworuboshwe, iro roga, asingapinduki, kwemazuva 390. Funga nezvazvo. Zvino ndokuti, "Pinduka kurutivi rwerudyi ugorarapo mazuva 40 zvakare."

39 Zvino Akati pano, "Zvaunoona, Ezekieri," ndokuti, "nekuti wakatakura kusarurama kwevanhu, zuva rimwe nerimwe ndichariverengera kuve gore kwavari." Kureva, kuti, zuva rega-rega raairarapo, zvaireva gore ravaizove muhutapwa, uye kuti kusarurama kwavo kwaizorangarirwa kuna Mwari, uye Mwari havaizonzwa minamato yavo zvachose.

40 Asi marwadzo acho ayo murume iyeye aaitopfuura nemaari, ko aizova nebasa rei? Vazhinji vakashaya kuziva kuti, sei chinhu chakadaro chingave chiine basa kuti munhu aite. Imhaka yekuti vanhu havaverenge Shoko, uye havanamate. Saka, Mwari vanoita zvavanoda, uye Vanotuma muporofita waVo kuti ave chiratidzo. Vanhu havaverenge. Havana basa nekuverenga. Uye havanamate, nekuti vakanyanyisa . . . vane zvimwe zvekuita. Havagoni kutora nguva yekunamata. Uye Bhaibheri rinovabhowa. Harinyatsonakidzi zvakakwana kune zvemazuva ano echimanjemanje, kana chero mazuva.

41 Munoziva, ndinotenda kuti ndiPauro akati, "Muri tsamba dzaMwari, dzinoverengwa nevanhu vose." Mwari vanoshandisa vanhu sezviratidzo, kuratidza zviratidzo zvavo. Uye kazhinji chiratidzo ichocho, uye nguva dzose, kazhinji, kunze kwekunge chiri nevanhu vakasanangurwa, chiratidzo ichocho hachicherechedzwi uye chinotsoropodzwa, chinoitwa dambe nacho, chinoraswa.

42 Uye nokuonekwa, kunyangwe muTestamende Yekare, mumazuva evaporofita, vaionekwa kuva vari vanhu vakarasika njere. Vaifunga kuti vaporofita ivavo vaiva vanhu vanopenga, kuti paive nechimwe chinhu chakanga chakakanganisika nepfungwa dzavo. Uye vaivaona vachipinda kubva murenje ne—nekuita zviratidzo, uyezve vodzokera murenje zvakare. Zvino vaiita dambe navo, nokuti vakanga vasingazivi Magwaro.

43 Jesu akaudza vaFarise, imwe nguva, maererano nezverumuko. Vakati, "Taiva ne . . . Murairo unoti kana hama ikafa zvino yosiya mukadzi asina—asina vana kwaari, kuti munin'ina wake aizotora mukadzi iyeye zvino oberekera

muchakabvu, vana vake." Uye vakati, "Takanga tiine mumwe akanga aine vakoma 7. Wekutanga akatora mukadzi, akafa, akasasiya mbeu. Ndokubva munin'ina wake amutora, zvino ndokubva afa; zvikaenda zvakadaro kusvikira kune wechi 7. Zvino pakupedzisira mukadzi akafa." Vakati, "Zvino, murumuko," vakati, "zvino, achava mudzimai waani, pa 7 ivavo?"

44 Oo, ndinoda Shoko iroro! Jesu akati, "Munogara muchikanganisa, musingazivi Magwaro kana simba raMwari." Oo, Aizozviparidza zvakasimba sei nhasi uno dai Aive akamira pano! "Munogara muchikanganisa, musingazivi Magwaro kana simba raMwari." Simba raMwari rinobatanidzwa muRugwaro. "Munokanganisa zvikuru."

Akabva aenderera mberi achiti, "Parumuko havaroori kana kuroodzwa, asi vakaita seNgirozi." Haana kutaura kuti vaizova Ngirozi, zvino, asi vachange vakaita seNgirozi, zvizenga zvehurume nehukadzi zvichange zvisiri mavari. Havaroore kana kuroodza.

45 Tiri kurarama muzuva rehunhu, kana kuti, vanhu vanofa, mazuva ehumambo hunoguma. Asi riri kuuya zuva apo pachave neHumambo husina magumo huchauya, uye Humambo ihwohwo husina magumo ndimo muchagara vakadzikinurwa. Avo vakadzikinurwa, uye vakawana . . . Hupenyu hunosiya mutumbi uno, hunodzokera kuna Mwari vanohupa, huchadzoka zvakare kubva paMuti weHupenyu, rimwe zuva, kuzotonga nokusingaperi.

46 Kuti murume wechidiki uyu, muporofita wechidiki, akazvipira uye akapa hupenyu hwake hwese kuti ave chiratidzo kuvanhu vake, chemurango wavaizogamuchira, nekuda kwekuti vaive avo vatingadaidze kuti "vasina hanya." Vaisada kuva nechero hacho chekuita naMwari. Vaive vasingatendi vaporofita ivavo, uye vaingoita dambe navo. Uye, asi, kunyangwe hazvo, uye zvisinei nekuti vakanga vasingade kuzvitenda zvakadii, Mwari vakatoona kuti vatochiwana, chete.

47 Jezebheri akanga asingadi kubvuma kuti Ahabhu aiva mufundisi wake, asi akanga ari. Mwari vakatoona kuti awana chiratidzo chacho, chete.

Ndizvo zviriwo nyika ino nhasi. Mwari vakarurama uye vakatendeseka, neShoko raVo, havaigona kurega chero chinhu, chatiri kuona chichida kuitika, pasina chiratidzo pane imwe nzvimbo. Vagara vainacho. Zvino, tinofanira kuchitsvaka. Uye ndine chokwadi chekuti vanhu vane nzwisiso yakanaka yeRugwaro vanoziva matsvakiro.

48 Noa aiva chiratidzo muzuva rake, kuvanhu, chekutongwa kwaiuya. Noa muzuva rake ainzi mupengo. Akanga ari muporofita. Aionekwa semunhu asina pfungwa dzakanaka. Zvino murume uyu aikon'a-kon'a zvake, gore negore, achivaka

areka, apo pasina kana mvura panyika kunze kweyakanga iri muzvitubu. Uye akafanotaura chimwe chinhu chaive chisina musoro, kupfungwa dzenyama. Akati, “Kuchauya mvura inouya kubva kumusoro kudenga.”

49 Pasina kupokana, kuti vazhinji vaizoti kwaari, “Ndiratidze pairi.” Wesainzi aizoti, “Ndinogona kuratidza kuti hakuna mvura kumusoro uko.”

Asi, zvakadaro, kana Mwari vakamuudza kuti yakanga iri kubva kumatenga, Mwari vaizoona nezvazvo kuti Shoko raVo razadzikiswa.

50 Zvino kusati kwambove nemvura yaionekwa, kusati kwambova negore mumatenga, kusati kwambonaya kana donhwe, hakuna kumbova nechinhu chakadaro semvura inonaya, zvisinei, nguva dzose, Noa akanga achigadzira areka kuitira mvura inonaya. Yaive humbowo hupenyu hwekuti muporofita uyu aitenda zvaaitaura nezvazvo, nokuti akanga achiigadzirira.

51 Uye chero vanhu vapi zvavo vanonyatsotenda zvaari kutaura nezvazvo, unozozvigadzirira.

52 Regai ndimire ipo pano, kwechinguvana. “Pazuva raNoa,” sezvakarehwa naJesu, “ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana womunhu.” Kana machechi, nhasi, akatenda zvaari kutaura nezvazvo, vanozoita zvavanotaura.

53 Tingave sei tichivaka zvimiro zvikuru zvezvivakwa, uye nezvivakwa zvemamiriyoni emadhora, uye nokupararira kukuru kwemasangano nezvinhu zvakadaro, uye tichiparidza kuti Kristu ari kuuya chero nguva ipi zvayo? Tingaenderera mberi sei, takatarisa ungano dzedu todziona dzichizvipatsanura kubva pasimba raMwari uye dzichipinda mune zvenyika, nekuzviunza muchechi uye kuzvisanganisa pamwe chete, uye isu tozvibvumira? Nekuda kwemukurumbira, uye nekuda kwemifungo inofarirwa neruzhinji nemisiyano yemasangano, achiedza kukura zvakadarika rimwe sangano, ko tingararame sei zvatinoparidza? Uye nyika inozviona izvozvo, vanozviziva, kutozosvikira chinamato chava chinhu chakangofanana nokungovawo nhengo yehumwe hurongwa, kana kuva wenzanga yechimwe chinhu. Chitendero . . .

54 Ruponeso rwaKristu haisi nzanga. Hakusi kujoinha chimwe chinhu. Chiitiko chipenyu.

55 Zvino, Noa akanga ari kugadzira zvaaitaura nezvazvo. Akati, “Kuri kuuya mafashamo okutongwa pamusoro pechizvarwa chino chisina kururama. Uye Mwari vachadurura kubva kumatenga, mvura inonaya, uye Vachazadza pasi rose nemafashamo.” Uye akanga asiri kungozviita izvozvo chete, asi akanga achigadzira nzira yokupunyuka nayo uye achidanira vanhu kuti vauye kwairi. Asi vaisatombomuteerera.

56 Asi, Noa, semuporofita, aive chiratidzo kuchizvarwa ichocho, chiratidzo chaitaurwa zvakaipa nezvacho, munhu aifungidzirwa kuti aive munhu anopenga; achigadzirira chimwe chinhu, chekuti pa—pakanga pasina humbowo chero kupi zvako, kana hwakatombovapo, hwekuti chaizombofa chakashandiswa.

Asi ndiyo nzira iyo vanhu vanoita sekufunga nhasi. Vanogona kufunga nezvenzvimbo yekuvanda mabhambu. Nzvimbo yekuvanda ichakubatsirei ipo pasiri kuzombova kana nemuti kana dombo zvichasara panyika?

57 Isu tine Nzvimbo yekuvanda, Mukristu anayo. Sezvandakataura, maSvondo mashoma akapfuura, kana ndakafunga pane imwe nzvimbo ndiri munzira, "Haisi Nzvimbo *yekuvanda*, iNzvimbo *yekuwira mukati*, yatinowira maIri, kutanga nemusoro, nemoyo wedu wose, uye nemweya wedu wose, nepfungwa dzedu dzose, muna Kristu, Areka yaMwari yechengetedzo."

58 Asi, Noa, mupengo, achionekwa sekudaro muzuva iroro, kubudikidza nehupenzi hwekuparidza, uye achiita chiratidzo pamberi pevanhu, achivapa yambiro, akapomera nyika mhosva. "Akapomera nyika mhosva, nekuvaka areka," ipo pasina mvura yokuti iyangarare mairi. "Akapomera nyika mhosva," Bhaibheri rakadaro, VaHebheru, chitsauko 11. "Akapomera nyika mhosva uye akaponesa imba yake iye, nekugadzirira," nekuva chiratidzo chaMwari, chekutongwa kuri kuuya kwezuva iroro. Chinhu chinobwinya chakadini!

59 Makore akazotevera, pakauya chimwe chiratidzo. Akanga ari Mosesi, muporofita. Ndiye aiva chiratidzo chaMwari kuIsraeri. Vakanga vagara kwemakore 400 vari muhuranda. Mwari ndokuvagadzirira chiratidzo, vasarirwa nenguva pfupi kuti vadzikinurwe. Zvino akanga ari chiratidzo cherudzikinuro kuIsraeri, uye nechiratidzo chokutongwa kuEgipita.

60 Noa aive chiratidzo cherudzikinuro kuvanhu vake, uye chiratidzo chekutongwa kunyika yakarasika, uyo asingatendi. Mvura chaidzo dzacho dzakafushira nyika uye dzikanyudza nyika ndidzo dzaive dzoga nzira yekuponesa Noa. Chinhu choga chaigona kumuponesa waiva mutongo.

Chinhu choga chichaponesa Chechi nhasi mutongo, Mwari vachiisa kutonga papurangamanzi.

Asi Noa akaparidza zvimwe chetezvo. Akava chiratidzo.

61 Uye zvino Israeri, mushure memakore 400, vakatanga kuchemera rudzikinuro. Zvino Mwari havafi vakaZvizarura uye nekuZviratidza kusvikira vanhu vaVo vagadzirira kugamuchira zvaVanoratidza.

62 Zvino, oo, chii chingataurwa ipapo pacho, kana zvaivezvo, zvekuti Mwari vakatosiya nyika ino yakashama! Vanoziva zviri nani. Mapepanhau akazvibuditsa, zvikatenderera

nekutenderera nekutenderera. Zviratidzo zvekuuya kwaKe zvakaburitswa. Zvino vanoramba vachienderera mberi sokunge vasingazviteerere. Havana kana pembedzo. Tiri kumagumo.

63 Mwari vanongotumira vaporofita vaVo kana vanhu vachida muporofita. Mwari vanotumira chiratidzo chaVo kana vanhu vagadzirira chiratidzo. Asi, nyaya yacho iripo, vanhu havawanzo . . . Vanosvika panzvimbo yavanoda manyawi, kana kuti vachada zvimwe zvekuti, "Tiratidzei chiratidzo chinobva Kudenga." Asi kana Mwari vatumira chiratidzo, ivo havadi kuchiona. "Saka chakavanzwa kumaziso evakachenjera nevakangwara, kuti chizarurwe kuvacheche vachazodzidza." Havachicherechedzi, chiratidzo.

64 Israeri yaifanira sei kunge yakaziva, pakazvarwa mwana uya akaisvonaka, pavakatarisa kumusoro ikoko uye vakaona nengu—nguva yemakore avairarama maari, "Vanhu vako vachava vatorwa kwamakore 400, munyika yavatorwa, asi ipapo Ndichavabuditsa." Vaifanira kunge vakaziva kuti nguva yakanga yava pedyo, uye pavakaona mwana uya akanaka azvarwa. Zvekuti, kunyange mai nababa, Amuramu naJokebhedhi, vakanga vasingatyi mirairo yamambo, zvino vakanyatsomuisa murwizi chaimo maiva nemakarwe; hapana kana rimwe rawo raigona kumuruma. Vakaona kuti paiva nechiratidzo, asi havana kuita hanya nacho. Vakanga vasina kuchigadzirira.

Mwari vakamuunza mukati chaimo ndokumuisa mumuzinda waFarao chaimo, ndokurega Farao achimurera nokumupa dzidzo yose yaaigona kuwana, kuratidza (Mwari) maitiro aVanoita zvinhu, ndokubva vamutora kuseri kwerenje, ndokumuita kuti akanganwe zvose nezvayo.

65 Farao aive amudzidzisa kumashure kwacho. Mwari vakanga vave kumudzidzisa. Farao akave nemakore 40 ekumudzidzisa, ndokubva Mwari vazotora makore 40 ekumudzidzisa, ndokumuita kuti akanganwe zvose pamusoro payo. Kudzidzisa kwemunhu; nekudzidzisa kwaMwari.

Farao akanga achidzidzisa mwanakomana kuzova mutungamiri, mumiririri wenyika, kuzove muuto, murwi, kuitira mumwe Farao aizouya ozobata Egipita iri panzvimbo dzayo dzokumusoro-soro, achiwisira pasi mamwe marudzi ose nekuaita kuti abhadhare mutero kuna Farao. Asi Mwari vakamutora kuseri kwerenje, vakazvibvisa zvose kubva maari. Uye vakamuratidza, munguva yemaminitsi 5, negwenzi raipfuta, kuti Vaiva Mwari mupenyu. Uye vakabvisa kutya kwose maari; ndokumugadzirira. Akanga ari chiratidzo.

66 Mwari vanoda kuti vanhu vaVo vanamate. Zvino Israeri payakanga yonyatsoomeserwa, pachinhano chakadaro, chekuti vakanga vasisakwanise kuenderera mberi, nguva yavo yakanga yakwana, uye mitoro yavo yakanga yorema kupfuura

zvavaifunga, ipapo vakabva vatanga kunamata. Zvino vanhu pavanotanga kunamata, Mwari vanobva vatangawo kunzwa. Yakanga yava nguva yokuti Shoko raMwari rizadziswe.

67 Zvino nokudaro, Amuramu naJokebhedhi pavakaona kuti yakanga yava nguva yokuti Shoko rizadziswe, vakatanga kunamata, kuna Mwari. Zvino kazhinji avo vanonamata ndivo vanenge vaine mutoro, vacho vanowana chimwe chinhu. Ndeavo vanonamata, vakagadzwa naMwari kuti vadaro.

68 Tanga tichitaura mangwanani ano tiri patafura yekudya kwemangwanani patanga tichikurumidza kudya tosti nezvimwe zvakadaro, kuti tiende kuchechi. Pane chimwe chinhu chataurwa pamusoro pemumwe murume akange, aive kure nepano, akange adzokera pakuputa fodya mushure mekunge apodzwa kenza. Ndikati, "Zvinonzwisa tsitsi."

69 Saka zvino mumwe abva ataura ndokuti, "Ndicho chinhu chinonyanyisa kunetsa kubva machiri, chiripo, kuputa midzanga."

70 Ndati, "Ndinozviziva. Nokuti, idhimoni." Zvino ndati, "I—idhimoni." Uye ndikati, "Zvino haugone kuimisa kunze kwekunge simba raMwari riri pamusoro pako."

Ndinoziva nezvevamwe varume 2 mukukura kwangu, vari 2 vaida kuva vanhu vaMwari.

Mumwe wavo, pandakangomutungamirira kuna Kristu, akatanga kubatidza mudzanga. Aiputa mapakiti 5 kana 6 pazuva, ongogara pasi zvino achingobatidza mumwe kubva pane mumwe wacho, zuva rose. Zvino akaedza kubatidza mumwe mudzanga, zvino chimwe Chinhu hachina kumubvumira kuzviita. Akafamba achienda kuchitofu, asingazivi kuti Magwaro anopomera zvinhu izvozvo, ndokuvhura chitofu ndokukanda pakiti yacho muchitofu. Uye zvakabva zvatopedza nyaya yacho.

71 Apo, mumwe muchinda aida kuva Mukristu, uye akaedza nepaaigona napo. Akachema kuna Jehovha. Akairega, kwemavhiki 2 kana 3. Zvino paakazobengenuka, ari muchinhano ichocho, akabva atanga kupenga. Zvino akazobengenuka, ndokuzviwana ari kunze muchivanze chekuseri, achikon'ora-kon'ora chigaba, achipenga. Akamhanyira mumba, nekukurumidza chaiko, ndokutora midzanga yake, ndokuputa pakiti yose asati abuda mumba manheru iwayo, ungori mumwe uchiteverwa nemumwe. Maona?

72 Mumwe akadanwa. "Hapana munhu angauya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva, uye vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri." Yambiro yacho yairevei? Hwaiva Hupenyu, kune mumwe. AkaHuona. Haukwanise kuHuona kunze kwekunge Mwari vaHuzarura. "Hwakavanzwa kubva kumaziso, evakachenjera nevakangwara,

uye hukazarurwa kuvacheche avo vachadzidza." Ndizvozvo chaizvo.

73 Amuramu naJokebhedhi vakaziva kuti nguva yakanga yakwana. Nguva yakanga yave pedyosa.

74 Uye ndinoda kutaura izvi ndichiri kutaura nezvazvo. "Haasi uyo anoda, kana uyo anomhanya; ndiMwari vanonzwira tsitsi." Ndizvozvo. NdiMwari.

75 Saka, nhasi. . .Oo, regai izvi zvinyure pakadzika! Kana, nhasi, Mwari vakakudana, uye wozvipatsanura kubva kuzvinhu zvenyika, uye simba rinobwinya raMwari rakakuchenesa kubva pane zvinhu izvozvo, unofanira kuva munhu anofara zvikurusa munyika. Paive nemamiriyoni aizozviita dai vaigona, asi havagone. Hazvisi zvavo kuti vave nazvo. Rino ndiro zuva apo Chechi iri kudanirwa kunze, yakapatsanurwa. Yakasiyana, nezvayaisimbova. Hongu.

76 Vanhu pavakatanga kunamata, Israeri payakatanga kunamatira muporofita, Mwari vaive nemuporofita wacho. Mwari vaiva nemuporofita wacho, nguva dzose, nokuti Mwari vanogara vari mberi kwavo. Vakanga vaine munhu wacho akagadzirirwa, asi Vakanga vakamirira kuti vanhu vatange kunamata, vanhu vange vachimuda.

77 Zvakafanana sei ndingati nezvazviri nanhasi uno! Chatinoda nhasi haasi mumutsiridzi, haasi mumwe munhu werimwe sangano guru, anoita kuti mapoka ose auye pamwe chete. Chatinoda nhasi muporofita akatumwa kubva kuna Mwari, neMharidzo ichapomera nyika. Mwari vanogona kunge vaine munhu wacho, kana vanhu vakangozvigadzirira. Munoziva zvandiri kutaura. Vane, zvichida, vanaye pane imwe nzvimbo munyika, asi vanhu vanotofanira kuzvida. Mwari havangosundidziri zvinhu zasi muhuro mako. Unotofanira kuzvida. "Vakaropafadzwa avo vane nzara nenyota yekururama, nekuti ivo vachagutswa." Ndizvozvo.

78 Mushure mokunge Mosesi acherechedzwa. . .Mushure mekunge vanhu, waro, vaziva kuti vaida mutungamiri, vakatanga kunamata. Vakatanga kunamata kuti Mwari vavatumire mutungamiriri, kana mumwe munhu anozovabuditsa. Zvino Vakavatumira murume, muporofita. Ndicho chaiva chiratidzo chaVo. Zvino, dai murume uyu akanga asiri muporofita, kana dai akasimuka, akati, "Ndiri nyanzvi yezvemauto," Israeri yaive nekodzero yekusatenda murume iyeye. Nokuti, Mwari, munguva dzose, pasina kumbokundika, vanotumira muporofita. Taura imwe nguva muBhaibheri yazvakambova. Anogara nguva dzose ari muporofita waVanotuma neZVANZI NAJEHOVHA.

79 Kunyange Dhavhidha, pachake, nyanzvi hurusa yezvemauto iyo Israeri yakambova nayo, uye, zvakadaro, Dhavhidha

aive muporofita. Zvirokwazvo, akanga ari. Aive muporofita, Dhavhidha.

80 Vakanga vakamirira kuti vanhu vave nechishuvo mumwoyo mavo chekunzwa muporofita uyu waVaizotuma.

Chokwadi, paiva neboka rakati rakadaro, risina kudaro. Zvakazoratidza pava paya kuti vakanga vasiri raiti. Vese vaive vakangobatwa nemanyawi. Zvino Bhaibheri rakati, "Gurumwandira rakanga rakavhengana rakaenda navo." Zvakaitei? Zvakaunza dambudziko kunze uko murenje. Uye nguva dzose, chishamiso chinoitwa. Oo, ndinoshuva kuti dai ndaigona kuita kuti izvi zvinyure mukati, zvakanaka. Nguva yese iyo Mwari vanotumira chimwe chinhu, panova nechinochitevedzera chakashata, chenyama, chinoenda pamwe nacho. Nguva dzose, nguva dzose chimwe chinhu, chinonyepedzera kuchitenda; chinonyatsogara pamwe nevanhu.

Asi muporofita waMwari wechokwadi anogara neZVANZI NAJEHOVHA. Haazombofa akabva paGwaro iroro kana akatumwa naMwari.

81 Mosesi akanyatsogara neGwaro. Mwari vakati, "Ndichavabuditsa." Vakati kuna Mosesi, "Ndakutuma kuti uite basa racho." Uye Mosesi aive nechiitiko. Akanga asangana naMwari. Akanga aine Shoko raShe.

82 Chikonzero chinoita kuti Mwari vatumire vaporofita ndechokuti vane Shoko raShe. Shoko raShe rinouya kuvaporofita. Uye kana asina Shoko raShe, saka haasi muporofita.

83 Kune kutevedzera kwakawanda kwenyama vachiedza kutaura kuti ivo vaporofita, mukudzika nemumazera ose, asi vanogara nguva dzose vachibva paShoko raShe. Asi muporofita wechokwadi anonyatsogara paShoko. Zvino, musakanganwa chirevo ichocho. Muporofita wechokwadi anogara neZVANZI NAJEHOVHA.

84 Jesu akatiyambira mumazuva okupedzisira zvaizoitika. Asi mu—muranda wechokwadi, muporofita wechokwadi, haambokundikani kugara neZVANZI NAJEHOVHA.

85 Mosesi akagara naJehovha. Akanga ari chiratidzo. Akanga ari chiratidzo kuIsraeri kuti zuva ravo rerudzikinuro rakanga rava pedyo, uye akanga ari chiratidzo kuEgipita, kuti zuva rokuguma kwavo rakanga rava pedyo. Nokuti, vakanyura imomo muGungwa Rakafa, pamberi apo, hondo yose yaFarao. Vakanga vasvika pamagumo esimba remauto avo, uye muporofita akanga ari chiratidzo chekuguma kwenyika.

86 Pafungei, kuti Mwari mukuru sei, uye kuti Vanoshanda muhunyoro hwakaita sei. Zvirokwazvo, kana vasina kudzidza vachigona kuzvinzwisisa, vakadzidza vanotofanirwa. Ameni. Kana nhapwa dzaive mumakomba emadhaka emuEgipita

vakanzwisisa kuti akanga ari muporofita akabva kuna Mwari, uye nguva yakanga yaswedera, ko muzinda waFarao waifanira kunge wakatozonyanyisa kuzviziva sei? Asi ndiyo mhando isingazvizive, ndiyo mhando inozvipotsa, nguva dzose.

87 Mosesi iyeye wakati amira, akatarira nepamahwindo iwayo, pavana veIsraeri vaya vaipfuura nepo, kuIsraeri . . . kuna Farao, vakanga vari nhapwa neimbwa, kuna Mosesi, vakanga vari vasanangurwa vaMwari. Bhaibheri rakataura, kuti, "Mosesi akasarudza," akazvisarudzira, "kuti atambudzikire kuzvidzwa kwaKristu, akati ipfuma huru pane mafaro ezvivi, nekuti aizobhadharwa nomubairo." Mosesi akaziva kuti ava vakanga vasiri vanaganyamatope; ava vaiva vanhu vane vimbiso.

88 Iye pachake, aiziva kuti aiva ani. Haaikwanisa kuvaudza. Vanofanira kuzvicherechedza, ivo pachavo. Aiziva, pachake, kuti basa rake raiva rei, ra—raifanira kuitwa. Aiziva kuti Mwari vakanga vamumutsira chinangwa ichi, asi haaikwanisa kuvaudza. Uye chero bedzi vakanga vari mapofu pazviri, haana kumbozvizarura pachake pachena, kusvikira vazvicherechedza. Zvino, vakaona chiratidzo ichocho, uye vakachiziva.

89 Akati, "Ndichapa Israeri chiratidzo. Tora chimuti ichi; chishandure kuita nyoka. Vakasateerera kune izvozvo, ipapo ibva waisa ruoko rwako muchipfuva chako, worwuburitsa kunze, wozvipodza pamaperembudzi, zvino vanozozvitenda. Uye zvakare, kana vakasazvinzwa, tora mvura kubva muNairi zasi uko, woidururira panyika yakaoma, mvura yose inobva yava ropa." Chaiva chiratidzo chenyika. Vanhu vachachitenda. Apo, avo vakagadzirira kuchigamuchira vachachitenda kana vaona chiratidzo chaMwari chichifamba, asi nyika inofanira kuva nechimwe chinhu chakasiyana. Nokudaro, Vakaipa yose chiratidzo.

90 Mwari vakashandisa murume, murume akazvininipisa, muporofita, kuti ave chiratidzo chekuguma kwechinhano chenyika iyoyo zasi ikoko. Mwari, titumirei mumwezve. Tisimudzirei mumwezve. Kana vanhu vaMwari vakatanga kunamatira wakadaro, Vanozomusimudza. Ndivo, vanhu vanofanira kuwana mutoro iwoyo. Vanofanira kumuka. Vanofanira kucherechedza. Vanofanira kuziva zuva ratiri kurarama mariri, uye nemamiriro ezvinhu akatipoteredza, vasati vatombomuka.

Unozoramba uchingorarama sezvawagara uchiita. "Ndinofanira kuvaka imba itsva gore rino. Ndinofanira kuwana mota iri nani kupfuura yekwaJones. Ndinofanira kuita *izvi*." Oo, zvakawanda kudai pane *izvi*! Kana waziva, hazvina basa . . . Ndizvozvo chaizvo. Asi unofanira kuziva, hama, kuti zvinhu zvose izvi zvichaparara.

Jesu akati, "Musatya uyo anogona kuuraya mutumbi," bhomba reatomiki reRussia. Musatye uyo anogona kushandura

mutumbi uno kuuita guruva rematombo akanyungudika, mumaminetsi mashoma, “asi ityai iYe anogona kushandura mutumbi saizvozvo nokukandira mweya wacho mugehena.” Ndizvozvo.

91 Pandaitaura nachiremba, ndiri muchipatara apo amai vangu pavakanga variko, aitaura nezvehukuru hwesainzi, kushanda pazvinhu zvakasiyana zvemuviri, nekuisa mushonga mauri, nekuona kuti sei waizouraya humwe hutachiona, uye wosiya chizenga chehupenyu. Ndakati, “Zvinoshamisa. Zvakaisvonaka.” Ndakamuteerera kwechinguva. Asi ndakati, “Chiremba, zvakanaka. Ndinozvifarira izvozvo. Zvakanaka chaizvo. Zvirokwazvo ndi—ndinotenda Mwari nokuda kwaizvozvo. Asi, tarisai, muri kupedza hupenyu hwenyu hwese mukuyedza kutsvaga chimwe chinhu pachisikwa. Asi madii pane imwe nguva mambofunga nezvokuti ndiAni akachisika, ndiAni akachigadzira, ndiAni Mugadziri wacho? Mwari ndivo Mugadziri wacho.”

Musiki mukuru zvikuru sei pane zvisikwa zvaAkasika! Sei tichinyanya kukoshesa zvisikwa, tisingafungi nezveMusiki Akasika matenga nenyika, uye akagadzira mutumbi nehupenyu? Anokwanisa kuzviparadza chero nguva yaAda, nekuti ndezvaKe.

92 Ichi chinova chinhu chinoshamisa kwazvo, kushanda pamuviri wemunhu. Tinozvikoshesa izvozvo. Vanogona kuendesa ziso, rabva kune mumwe munhu kuenda kune mumwe; votora tutambo tudiki-diki twuya, uye votora ziso kubva muburi reziso remumwe munhu voriisa muburi reziso remumwe munhu, zvino munhu iyeye ogona kuona neziso iroro. Chinhu chakaisvonakisa.

93 Zvaimboitika kuti, kana amai, pavainge vava kunopona mwana, uye mwana wacho—wacho onge asiri kugona kuberekwa, vaka—vakaumbwa saizvozvo, kuti mwana haaigona kuberekwa: amai nomwana, vari 2, vaifa. Zvakanga zviri izvo. Asi kaive kashoma kwazvo kawaimbonzwa nezvazvo, zvaive zvakasiyana, pamwe kana kusatomboitika. Asi nhasi vanogona kutora amai ivavo mushure mekunge vatova muchinhano chekusununguka mwana, uye kana . . . apo amai vacho vachitori kupinda mu—munguva yekupona, ivo . . . vanogona kuendesa amai ivavo mukamuri vovapa mushonga mushoma wekuvakotsirisa, vobvisa mwana iyeye, votopona semudzimaiwo wese, votora mwana. Tinozvikoshesa izvozvo.

94 Ndiudzei hurongwa humwe chete. Ukavhara vharuvhu kunze kuno pane imwe nzvimbo, pahurongwa hwemafambiro emvura iyi muguta, zvino tarisa zvinoitika pavharuvhu huru yacho. Unoiputitsa.

Asi, zvakadaro, tinogona kugura gumbo, kudimbura ruoko, zvino, neshura raMwari, Vanoendesa ropa iroro neimwewo nzira,

munguva pfupi-pfupi, vorimhanyisa neimwewo nzira kuponesa hupenyu hwomunhu iyeye. Ndiani anogona kuita izvozvo? Ndiudzei.

95 Cheka tsinga, cheka paipi huru kunze kuno pane imwe nzvimbo yemvura, painenge ichipomba kubva pavharuvhu. Ichaitei? Imbozviyedza kamwe chete uone zvinoitika. Hapana imwe nzira yekwekuendesa nako. Inofanira kutoputika pavharuvhu.

Dai Mwari vasina kugadzira nzira yekuti ropa iri rizviendese nekumwewo, pakarepo, rikangodzoka kamwe kumoyo zvino unobva wafa. Pese pawaibaya munwe wako, rwaive rufu, pakarepo. Pese paunocheka pane imwe nzvimbo, pakavhura tsinga kana chimwe chinhu, rwaitova rufu, pakarepo. Ukacheka chigunwe chako, unenge watofa. Ndizvo zvoga. Raizonomhanyira richidzokera mumoyo mako zvakare. Zvaizokuuraya. Asi Mwari . . .

96 Zvino, tinofunga kuti zvinoshamisa. Tinofunga kuti zvinoshamisa. Uye tinotenda izvo sainzi yakaita, vanokwanisa kusunga tsinga idzodzo uye vodziita kuti dzisabuda ropa. Zvose izvozvo zvakanaka. Asi ndiAni Wacho Akagadzira izvozvo? Maona? Tinotarisa pazvisikwa zvose uye tokanganwa Musiki wazvo. Maona? Tiri kutarisa pazvinhu zvakasikwa, tokanganwa chinhu chese che—chemweya. Ndizvo zvatinoita.

97 Zvino, vaporofita vaMwari, ndivo . . . vane Shoko raVo. Ndicho chikonzero vanhu vachivatenda.

Ndicho chikonzero Mwari vakati kuna Mosesi, Vakataura kumashure uko muna Genesi, kakawanda, muna Eksodo, nzira yose, "Kana kukauya mumwe pakati penyu, ari wemweya, kana, muporofita . . ." "Zvino tichaziva sei zvinhu izvi?" Vakati, "Kana akataura chimwe chinhu uye chikaitika, otaura chimwe chinhuzve, choitika, zvino zvitendei." Maona? Ndicho chiratidzo.

98 Saka Vanopa Shoko raVo, kwete kuvatungamiri, kwete kuvadzvanyiriri, asi kuvaporofita. Khrushchev haasi chiratidzo kunyika. Kwete, changamire. Hitler akanga asiri chiratidzo kunyika. Asi kumwe kunhu, pane imwe nzvimbo, Mwari vane muporofita akazvininipisa akamirira nguva yacho. Ndiye chiratidzo. Ndiye chiratidzo chichapomera nyika uye chichaponesa Chechi. Muporofita!

99 Eria aiva chiratidzo muzuva rake, muporofita Eria. Kune . . .

Aive muporo- . . . akanga ari chiratidzo cheShoko raMwari, kutongwa kuEgipita nerudzikinuro kuIsraeri, kana vaida kumutenda.

100 Zuva riya raive rizere nechivi raEria, apo Israeri yose yakanga yadzokera shure pana Mwari, vakanga vadzokera muchivi. Vakanga vakanganwa hurongwa. Vakanga

vakanganwa pamusoro pekutungamirirwa vabuditswa naMwari, uye naJehovha mukuru akazarura Gungwa Dzvuku, ndokuvabuditsa muEgipita, uye nemuporofita mukuru saMosesi aive pakati pavo. Vakanga vazvikanganwa.

Tinozvikanganwa. Imi maMethodisti munokanganwa John Wesley. Imi maLutherani munokanganwa Martin Luther. Imi maBaptisti munokanganwa John Smith. Vazhinji vedu tinokanganwa Charles Finney, mukuru pane vose.

101 Zvinonzi zvikamu 97 kubva mu100 zvevakatendeutswa naFinney vakaramba vakabatirira. Zvikamu 75 kubva mu100 zvevaMoody zvakadzokera shure mukati mugore. Uye vaWesley, boka rehutsvene, raingoramba richidzokera shure. Asi Finney aive nezvikamu 97 kubva mu100. Muchinda mudiki, kwazvo, mutete, ane mhanza akabuda achienda kupurupiti ndokutarisa ungano iyoyo, sa*izvozvo*, zvino vanhu vaifenda, nokuti akagara mumakwenzi rimwe zuva kusvikira Mweya Mutsvene wamubata. Akadaro. Akanga ari chiratidzo kusvika kumagumo, anenge makore 200 akapfuura, cherumutsiriro rukuru urwo rwakanga rwaitwa naWesley nevamwe, uye nekutongwa kwaizouya.

102 Akanga ari chiratidzo, chizvarwa ichocho chaive chizere nezvivi. Uye kuti Eria aigona sei kumira ipapo, akashinga uye asingatsukunyuke, ari oga, pasina munhu aiva naye, asi akanga ari chiratidzo chaMwari.

Vamwe vafundisi vose vakanga vaenda naAhabhu, nenzira yechimanjemanje. Vakanga vava vechimanjemanje muchizvarwa ichocho. Asi kuti Ahabhu wakare, kana kuti, Ahabhu mutana, uye nehupfumi hwake hukuru, zvino zvakaunza kereke yese muchiKato-. . ., kana kuti, kwete chiKatorike, asi chinhu chakada kuita zvimwe chetezvo, kupinda mukunamata zvifananidzo. Zvakanga zvavapinza munzvimbo yekuva zinyekenyeke. Vamwe vaigona kunamata nenzira *iyi*, uye rwungori rusununguko, "Unogona kuita chero chaunoda." Uye ndokupinda mumhando yechimiro chakadaro.

103 Uye kuti Eria akamira sei ipapo, akashinga, neZVANZI NAJEHOVHA. O Mwari, tipeiwo varume vakadaro. Akanga asingatyi kuudza Jezebheri nezvechinhano chake. Akanga asingatyi Ahabhu. Akanga asingatyi kuti akanga akanganisa. Akamira nekushinga, ndokuenda kuna Ahabhu, uye akati, "Kunyange dova haringadonhe kusvikira ndaridana." Ameni.

104 Aiva chii? Chiratidzo kuchizvarwa ichocho chizere nezvivi. Israeri yakachiona here? Kwete. Vakamuseka, vakaita dambe naye.

Akafanotaura kuti kwaizova nekushaikwa kwemvura, kuti kwaizovapo—kwaizovapo nedambudziko, nzara, kushaikwa kwechikafu. Uye akaporofita asingatyi, akamira ari oga, neZVANZI NAJEHOVHA. Akati, "Ishe, vakauraya vechokwadi

vese. Vakavauraya vese. Ndini ndega ndasara, ndakamira neShoko reNyu." Dambudziko raive rei? Shoko raMwari. Eria aida kugara neShoko. Aive muporofita chaiye.

105 Vamwe vaporofita vakanga vati, "Oo, asika, hazvina mutsauko wakanyanya wazvinoita. Jehovha havana basa nazvo, munoziva."

Jehovha vane basa nazvo. Rinofanira kuva Shoko raVo. Zvino Eria akamira akashinga paShoko iroro, neZVANZI NAJEHOVHA. Mwari vakamupa chakavanzika chidiki, rimwe zuva. Vakati, "Ndine 7,000, Eria, vauri chapupu kwavari, kunze kuno. Ivo havana hushingi hwakakwana kuti vabude uye vazvitaure. Vakahwanda kwese mumakwenzi. Asi, zvakadaro, mumwoyo yavo, varanda vaNgu. Havana kumbopfugamira Bhaari. Vanotya kuzviita. Asi, ndiri kukupa chiratidzo, uye uri chiratidzo. Mira kunze uko, womira paShoko raNgu. Ndichakuchengeta. Vape chiratidzo." Hareruya!

Mwari, titumirei chimwe chinhu chakadaro, achava chiratidzo cheShoko raMwari. Uye vimbiso yese yakavimbiswa naMwari ichatsigirwa mumunhu iyeye, nokuti iye chiratidzo, chiratidzo chakakanganikwa.

106 Oo, vakafunga, nokuti Ahabhu akanga ari mambo mukuru uye marudzi ose aimutya, zvakanga zvakatokwana. Asi Eria aiva chiratidzo cheShoko. Ndiye muporofita wechokwadi, chiratidzo cheShoko. Saka paakanga ari chiratidzo cheShoko, havana kumutenda. Vakanga vasina basa naye.

107 Akanga ari chiratidzo kuchirikadzi, apo Mwari vakamutuma kubva paGomo reKameri, kubva pa . . . kumusoro kurukova rweKeriti. Vakamutumira zasi ikoko, mushure kwokunge apihwa chikafu namakunguwo, uye rukova rwapwa. Akaenda zasi kuimba yechirikadzi iyi. Inzvimbo yakadini yokuti muparidzi aende! Asi akaenda zasi ikoko nokuti Mwari vakamuudza kuti aende.

Asi Vakaenda zasi ikoko, ndokuti, "Ndamurayira kuti akupe zvokudya."

108 Chirikadzi yaifanira kunge iri chiratidzo. Iye aifanira kunge ari chiratidzo. Apo, yakanga iri kunze uko, yakanga iine hupfu hwakakwana kubika keke rimwe, uye iyo nemwanakomana wayo voridya. Chinu chakakwana choku . . . Uye nemafuta akakwana muchinu, ekuisa muupfu, ekubikisa nawo. Yakati, "Ndiri kunze kuno ndichinhonga zvimiti 2."

109 Pamangwanani iwayo anotyisa, aipisa, aibhebha apo mumwe murume mutana aive akazara ndebvu dzekumeso, vhudzi jena rakarembera kumusana kwake, akafamba panze ipapo, uye musoro wake une mhanza uchipenya, akazembera pagedhi, akati, "Ndipewo mvura shoma yekunwa," ndokuti, "pamusoro pazvo, undivigire chimedu chechingwa muruoko rwako, keke."

110 Akati, "Handina hupfu hwakakwana. Ndiri kunze kuno zvino, ndichinhonga zvimiti 2, kuti ndigadzirire mwanakomana wangu keke duku. Ndinongori nehunokwana kuti ndigadzirire iye neni. Ticharidya tozofa."

111 Akati, "Usatya, nokuti, ZVANZI NAJEHOVHA." Ndiye munhu watinoda. Kwaisave kuti, "Zvino, *zvinogona* kuitika, hanzvadzi. *Zvinogona* kuitika. Handizive." Kwete, kwete. Eria aiva nechokwadi. "ZVANZI NAJEHOVHA. Chirongo ichocho hachizoperi, kunyange chinu ichocho hachizowome, kusvikira zuva iro Mwari vachanayisa mvura panyika." Ameni. Hezvoka izvo. Chaifanira kuve chiri chiratidzo chakamukwanira.

112 Iye anomiririra kereke nhasi. Mushure mokunge Eria agara naye kwechinguva chiduku...Aiva nemwanakomana mudiki. Akarwara. Hurwere kwake kwakanga kwakaipa kwazvo zvokuti akanga asisina mweya wokufema maari. Akafa. Zvino akaitei? Chechi yakatoona kare zviratidzo izvozvo. Asi, chaizvo, panongouya kanjodzi kadiki, nokukurumidza anoda kupomera chechi mhosva nokuda kwayo. Aida kupomera Eria mhosva. Akati, "Imi munhu waMwari, zvino makauya pano kuzondirangaridza zvivi zvangu uye nekutora hupenyu hwemwanakomana wangu."

113 Eria akatora mwanakomana wacho, akakwira mukamuri yepamusoro maaivata kumusoro ikoko, akamuradzika pamubhedha wake iye, ndokuzvambarara pamusoro pake, akati, "Ishe Mwari!" Hareruya! "Dzosai mweya wemukomana uyu." Zvino mwana ndokumuka.

114 Akamudzosera zasi. Mukadzi iyeye akatarisa mwana, ndokuzomutarisa, akabva aziva kuti pane chaivepo. Akati, "Neizvi ndava kuziva kuti Shoko raMwari riri mumuromo menyu." Ameni. Akanga ari chiratidzo kuchirikadzi iyoyo. Paakaona simba raMwari, Uyo anoraramisa kana kugona kuuraya, achimutsa mwana wake akafa kuhupenyu, akati, "Neizvi ndinoziva kuti muri munhu waMwari." Akazviziva.

Marudzi nhasi angazviseka, sezvaakaita kareko. Havana kuzvitenda. Asi mudzimai iyeye aiziva zvakasiyana. Chakanga chiri chiratidzo ipapo, sezvo akanga ari chiratidzo, chakamutsa mwanakomana wake akafa achidzoka kuhupenyu. Vaporofita ivavo zviratidzo zvaMwari nguva dzose.

115 Eria paakadanira mangange, akati, "Kana Mwari vari Mwari, Vashumirei. Kana Bhaari ari mwari, mushumirei."

Haringavi here zuva rakanaka kuna Eria nhasi? Kana zvematongerwo enyika zviri mwari, zvishumirei. Chii chatinacho mune zvematongerwo enyika? Chii chatakaita? Hatina chimwe chinhu kunze kweboka rehuwori. Hatina chinhu.

Asi takarasikirwa newese, potse-potse shamwari dzese dzatiinadzo, munyika mose. Pano, vhiki rakapfuura,

ndokurasikirwa nedzimwe nyika 2 kana 3 dzichienda kucommunism. Tiri kubhadharisa vanhu mutero uye tichitora mari yavo, uye toitumira ikoko kunopa vanhu ivavo chikafu vanotendeukira kucommunism pavanongosimukira. Hunyengeri. Ndizvozvo.

116 Tinozviti tiri Makristu. Ngativei seMakristu, zvino, kwete nekuvadyisa zvinhu zvakadaro. Zvine zvishoma zvinova—zvinova…Munhuwo zvake ane mwoyo wakanaka achaita izvozvo. Chinamato. Harwusi ruponeso.

Vanhu vazhinji kwazvo vanovhiringidza chinamato neruponeso. Chinamato ndechekupa zvekudya kuchirikadzi nevarombo, nevamwe vakadaro. Ndicho chinamato. Asi ruponeso ndiko Kuzvarwa patsva, kuve wakaberekwa patsva. Izvozvo zvakasiyana. Chinamato, chiMohamedhi chinamato. Kune zvinamato zvakawanda.

117 Zvino, kumusoro paGomo reKameri, zuva riya paakadanira mangange, uye akadana Ahabhu nezviuru zvavaprisita vaiva vemutemberi yemasangano avo, akavadana paGomo reKameri, akati, "Huyai kumusoro kuno. Sanganai neni kumusoro kuno. Ndichamisidzana neboka rose." Akaitei? Akanga aine ZVANZI NAJEHOVHA. Akanga asingatyi. Akati, "Bairai nzombe. Danai Bhaari. Regai Mwari anopindura nemoto ave Mwari."

118 Saka, zuva rose, kusvikira…kubva mangwanani kusvikira shure kwekudya kwemasikati, vakasvetukira paartari. Vakazvicheka-cheka nemapanga. Vakazhambatata. Vakadanidzira. Eria akafamba achikwira nekudzika, akati, "Wedzerai kudanidzira. Pamwe atora rwendo rwekunoraura, kana zvimwewo. Ari kunze achitevera, kana zvimwewo."

Nokuti, aive neZVANZI NAJEHOVHA. Aive akagutsikana. Aive neShoko raMwari.

Hama, hanzvadzi, chii chimwezve chinodiwa nemunhu kunze kwevimbiso yaMwari? Mwari vakati Vaizozviita. NdiAbrahama. Akaona kuti Mwari vaigona kuita zvavakanga vataura pamusoro pazvo. Akaziva kuti Mwari vaigona kuzviita, nokuti Mwari vakataura kudaro.

119 Saka iye—saka iye akavadana kuti vauye kumusoro ikoko. Uye saka vakazvicheka-cheka, ndokuzhambatata nekudanidzira zuva rese, kusvika pachibayiro chemanheru. Zvino, Eria, tarisai kuti akazviita sei. Chinhu chekutanga chaakaita kwakanga kuri kukungurutsa matombo 12 pamwe chete.

Mwari havana kupatsanurwa. Masangano anopatsanura makereke, asi kwete Mwari.

Mumwe akati, "Uri Mukristu here?"

120 "Ndiri muBaptisti." Saka hazvina kusiyana nekuti wanga uri nguruve.

121 Woti, "Ndi—ndiri muMethodisti." Saka, hazvina kusiyana nenguruve, zvakare, kuna Mwari.

122 Ndinoti, "Uri Mukristu here?" Kuve Mukristu, unofanira kunge wakafanana naKristu, uina Mwari mauri, uine Mweya Mutsvene, sewakawa paZuva rePentekosti. Kwete mamwewo manyawi, asi ndinoreva Pentekosti chaiyo. Maona? Ndizvozvo.

123 "Ndiri muPentekosti. Ndiri muOneness. Ndiri—ndiri mutrinity. Ndiri. . . " Oo, ini zvangu! Zvakangofanana nekutaura kuti wanga uri chimwewo chinhu. Hazvirevi chinhu kuna Mwari. Zvinopatsanura.

124 Ndizvo zvakanga zvakaitika zasi ikoko pakati pavafundisi ivavo. Asi Eria akakungurutsa matombo 12 aya pamwe chete, kuratidza kuti Mwari ndiMwari 1 ari pamusoro pavo vose, akaakungurutsira pamwe chete.

125 Saka, paakaaunganidza pamwe chete saizvozvo, akauraya nzombe ndokuiisa pamusoro peartari, pamusoro pehuni. Akati, "Zvino, kuti muve nechokwadi chekuti hapana kunyepedzera mune izvi, endai munonditorera zvirongo 12 zvemvura." Zvino akatonyatsototesa huni idzodzo nemvura. Oo, Hareruya! Aida kuratidza kuti Mwari vaive Mwari. Nokuti, sei? Akanga aine ZVANZI NAJEHOVHA. Akanga ari muporofita. Aiva neShoko raMwari.

126 Ndizvo zvavakaita—zvavakaita nezuva iroro, kana vakati vachakubuditsa muchechi, vachaita *izvi*, *zvimwewo*, kana wakabhabhatidzwa muZita raJesu, nezvimwe zvinhu zvose izvi zvakasiyana zvakadaro: hazvina maturo. IZVANZI NAJEHOVHA.

127 Munhu akanaka, humwe husiku, akataura neni, akauya akandimbundira, ndokuti, "Hama Branham," akati, "Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu." Akati, "Kana mukangoti rerutsei zvishoma, zvinhu izvi zvamuri kutaura nezvazvo."

Ndikati, "Chii?"

Akati, "Rubhabhatidzo rwese urwu." Akati, "Makereke emuChicago neose kwakapoteredza anongokudai zvakanyanya, asi vanotya kuti muchataura izvozvo."

128 Ndikati, "Chokwadi, ndichazvitaura. Zvirokwazvo, ndichazvitaura."

Akati, "Zvinoka, ndicho chinhu chega chavanopesana nemi."

129 Ndakati, "Zvino havana chavanopikisa ini. Handisi Iyeye wacho akaZvitaura. Mwari vakaZvitaura. Ndinopikisa chero mumwe wavo kuti auye aZviratidze kuti hazvisizvo." Maona?

130 Akati, "Zvakanaka, munoona, mu—munofanira kubvumirana uye moita yanano."

Ndizvo zvimwe chete zvavaida kuti aite. Ameni. Mwari havarerutsi. Kwete, changamire. Havarerutsi.

Akati—akati, "Zvino, Hama Branham, ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Ko Mutumwa waJehovha..." Akati, "Tese tinotenda Mutumwa waJehovha. Mutumwa waJehovha akakuudzai here iZvi?"

131 Ndikati, "Handina basa kuti Mutumwa waJehovha anoti kudii. Kana ari Iye, Mutumwa waJehovha, Achataura *Izvozvo*. Asi kana Akataura zvimwe zvakasiyana, Ainge asiri Mutumwa waJehovha." Ndakati, "Zvisinei nezvakataurwa neMutumwa, kana chimwewo chinhu, Pauro akati, 'Kunyange Ngirozi inobva Kudenga ikakuparidzirai imwewo evhangeri, ngaive yakatukwa.'"

132 Ngirozi nemunhu wese, chimwewo chinhu chenyama chakazvitutumadza, chinotaura nezveNgirozi. Joseph Smith, Brigham Young, nemapoka akasiyana-siyana anotenda zvakatsauka, veAdventisti nezvimwewo zvose, vanoona mhando dzose dzezvinhu zvakasiyana-siyana zvakadaro, asi zvinogara zvichipesana neShoko.

133 Asi, Mwari vanotsigira Shoko raVo. IShoko raVo. Ndakati, "IShoko raShe. Chokwadi. Zvose zvandati ndamboziva ndakazvidzidziswa naVo. Handina kumboenda kuseminari kana kuchikoro. Zvinobva kwaVari." Asi ndakati, "Kuri kuti zvaipesana...Kana zvaipesana naRo, handaiMutenda. Nokuti, ndiro Shoko raMwari, ndiro rokutanga. Zvimwe zvese ngazvive nhema." Shoko raMwari, garai naRo.

134 Saka, Eria, paakapedza, akatotesa nemvura matanda iwayo kwese zvako, nezvirongo 12 zvemvura. Ndokuzvidururira pamusoro ipapo. Akabuda kunze ikoko, akanyatsodzikamira zvake. Sei? Mwari havagone kunyepa. Mwari vakamuudza. Akati, "Ishe Mwari waAbrahama, Isaka, newaIsraeri, ngazvizivikanwe nhasi kuti Muri Mwari, uye ndiri muranda weNyu. Uye ndaita izvi pakuraira kweNyu, nokuti iZVANZI NAJEHOVHA. Ndaita izvi nokuti Mandiudza kuti ndizviite, nokuti zviri maererano neShoko reNyu. Ngazvizivikanwe zvino kuti Muri Mwari."

Zvino Moto waJehovha wakaburuka, ukapedza chibayiro, matanda aive akatota nemvura, ukapedza matombo, nezvimwe zvose, ndokutora zvose. Ipapo Israeri yakadanidzira, 7,000 vaya, "Regai Mwari vave Mwari."

135 Eria, zvakanaka sei kuona muviri mudiki iwoyo, wakare waitaridzika kuperezeka, wakaondoroka wakangounyana, chimuti chidiki ichocho muruoko rwake, chinu chidiki chemafuta chakarembera padivi pake, chimedu chedehwe regwai chakamoneredzwa paari. Handiti, vaizomuisa mutirongo nhasi kana akafamba munzira; asi vanorega vakadzi vachipfeka

zvikabudura; asi zvechokwadi havaizoiti izvozvo, munoona, sa*izvozvo*, vachibuda.

136 Saka, zvino, asi pano vano- . . . heunoi achidzika, achidarika neche uko, achidarika nepachikomo, nechimuti ichi. Zvino, Gomo reKameri harizi kanzvimbo kadiki—kadiki kasina chinhu kari pakati pegwenga. Igomo guru. Rinoenda, rakati chinjikei se*izvi*, uye rokwidza kumusoro, uye ronotarisana negungwa. Zvino Eria naGehazi vakamhanya nzira yose vachikwira, kumusoro. Zvino Eria akawira pasi nechiso chake ipapo, ndokutanga kuchema kuna Mwari, nemusana wake wakafuratira kuMadokero, kune zuva. Makore 3 nemwedzi 6, hapana kana dova rakanga rambodonha. Akati kuna Gehazi, "Enda undotarisa uye uone kana pane chiripo, gore rinenge rabuda riri pamusoro pegungwa."

Mira pagomo iri, wakatarisa neche *uko*, akati, "Handisi kuona chinhu."

137 Akagara ipapo chaipo. "Mwari, kana vanhu ava vakatendeuka, kana vanhu ava vadzoka kwaMuri, kana vakagadzirira kubva pane zvose izvi zvisina maturo uye vodzoka kuShoko reNyu, zvino Muri Mwari, kuti mupindure Shoko reNyu."

138 Regai nditaure zvimwe chete nhasi. Torai masangano aya muaparadze, kanganwai nezvemusiyano wemasangano uyu, uye moita kuti vanhu vadzoke kuShoko raMwari, kunyatsoita zvarinoraira. Ndichakuratidzai kuti kuna Mwari vachiri kugona kupindura neMoto.

139 Vanhu ngavadane kuna Mwari. Regai . . . ? . . . dana munhu. Vanhu ngavadanire muporofita. Mwari vachamuisa panzvimbo. Ndinodenha marudzi kuti aite izvozvo. Wirai pasi nechiso chenyu mugodana kuna Mwari, kuti vatumire mudzikinuri, uye muone zvinoitika. Ingozviitai kamwe chete, Mwari vachapindura. Mwari vanozviita nguva dzose.

140 Akawira pasi ndokuti, "Mwari, ngazviitike nhasi. Vanhu ava vaimboKupikisai. Vanhu ava vakapatsanurwa mumhando dzose dzemasangano kunze uko. Asi, nhasi, Mazviratidza pacheNyu. Muri Mwari. Zvino vanhu vati, 'Rasai Bhaari.' Zvino ndauraya zviuru izvozvo zvevaprisita. Vabva munzira zvino, Ishe. Zvidziviso zvose zvaenda, zvipingaidzo zviduku zvaitiparadzanisa."

MuMethodisti anoda kuuya kuzonamata nemuBaptisti; MuBaptisti anoda kuuya nemaPentekosti; vechokwadi mumoyo zasi uko, 7,000 vaya vakatendeka. Asi havagoni kuzviita. Kana vakadaro, vanodzingwa mumachechi avo. Vamwe vavo havana basa nazvo. Vanouya, zvakadaro. Ndizvozvo.

141 Asi regai vese vaparadze kusaonerana zvakanaka ikoko uye vaungane pamwe chete, zvino voti, "Tichakanganwa zvitendwa zvese izvi pano nemakatekazi, nezvese zvatiri

kuverenga kubva kwazviri. Ngatidzokei kuShoko raJehovha." Tarisai zvichazoitika ipapo. Mwari vachavamutsira muporofita, Vachazviita zvechokwadi, achanyatsoRiunza zasi chaiko kwavari, kana vakagadzirira kuRigamuchira. Kutanga, vanofanira kunyengetera. Mwari vanomirira.

142 Hazvishamisi here kuti Mwari vanoda kuti vanhu vave nechikamu mazviri? Jesu paakatarisa pagoho, Akati, "Goho raibva. Vashandi vashoma. Imi kumbirai Ishe wegoho," akanga ari iYe. "Imi namatai kwaNdiri, kuti Nditumire vashandi mugohwo raNgu." Ndechimwe chikamu chaunofanira kuita. Mwari vakamirira Chechi yaVo kuti iVadane. Vakagara vachizviita. Mwari vakamirira nhasi kuti vanhu vadane muranda waVo kuti abate basa. Uye muranda uyu haakwanisi kubata basa kusvikira vanhu vanamata.

143 Israeri haina kukwanisa kupinda pabasa zasi uko, nezviratidzo nezvishamiso, kusvikira vawira pasi nezviso zvavo vakanamatira mudzikinuri. Mwari vaive nemudzikinuri waVo. Mwari vaive nemuporofita aive akamirira ikoko murenje, vakamuchengeta ikoko kwemakore 40, vakamirira kuti vagadzirire, kunamata. Asi pavakagadzirira ndokutanga kunamata, Mwari vakabva vatumira mudzikinuri.

Mwari vachaita zvimwe chetezvo nhasi, kana vanhu vakangoungana pamwe chete, votanga kunamata. Zvakanaka.

144 Akanga ari chiratidzo kuvaporofita venhema ivavo uye nokuna Ahabhu, kuti akanga ari muranda waMwari. Akanga ari muporofita waMwari. Zvino, akanga ariwo zvakare chiratidzo kuIsraeri, kuti aigona kuvhara matenga kana kuzarura matenga, paaidira. Chokwadi aiva.

Ndiudzei mumwe anogona kuvhara matenga, ndiratidzei mumwe anogona kuvhura matenga, kunze kwaMwari. Uye Shoko raMwari, kana kuti, vaporofita vane Shoko raMwari.

145 Mikaya, chiratidzo kuna Jehoshafati. Mikaya aive chiratidzo kuna Jehoshafati, chekuti Mwari vanochengeta muporofita wechokwadi aripo.

146 Zvino cherechedzai. Aiva nevaporofita 400, Ahabhu aiva nawo, zvino akadana vaporofita 400 ivavo. Zvino vakamuudza muhumwe. Uye zvakadaro, pakadzika mumoyo iwoyo waJehoshafati, munhu waMwari, akaziva kuti pane chakakanganisika. Akaziva kuti paive nechakakanganisika. Akati, "Hamuna mumwezve here?"

147 "Mushure me 400 vakamira ipapo?" Akati, "Ava vose vaporofita, vaporofita vaJehovha." Havo ma—maMethodisti, maBaptisti, maPresbyteriani, maUnitariani, oo, ini zvangu, ini zvangu, maTrinitariani, nemarudzi ese akasiyana-siyana. "Tinavo vose pano, uye muhumwe vanoti iyi inyika hurusa iripo. Hatina chekutya." Semukomana mudiki ari kuridza muridzo

ari mumakuva, munoziva, apo iye achitya zvake. Musanetseka nazvo.

Akati, "Asi hamuna here mumwezve?"

Akati, "Oo, hongu, pane mumwezve pano, asi," akati, "Ndinomuvenga." Maona? Akati, "Anogara achitaura zvakaipa pamusoro penyika ino. Anogara achitaura kuti chimwe chinhu chakaipa chichaitika kwatiri."

148 Jehoshafati akati, "Ndinga—ndingada kumunzwa." Oo, hongu!

Aiva chii? Chiratidzo. Zvisinei nekuti machechi mangani kana masangano, Mwari vachine muporofita anogara neShoko.

149 Jehoshafati akaziva kuti Ahabhu akanga ari kuzoparara, nokuti muporofita wechokwadi uya, Eria, akanga ari chiratidzo kumarudzi, akati, "Imbwa dzichananzva ropa rako, kuuya kuno." Ndizvozvo. Aiziva kuti Jezebheri pamwe naye zvakanga zviri kuzovawana. Anoziva kuti zvakadaro. Maona?

150 Zvino Mikaya, Mikaya akati. . .Ivo—ivo vakauya kwaari ndokuti, "Zvino, ndichakutaurira, kana uchida kupinda mumubatanidzwa unotevera, ndichakuudza zvaunoita. Ingobvuma kuti vaparidzi vese ava vari raiti. Waona? Muudze kuti, 'Endai zvenyu kumusoro.'" Uye akati, "Iwe chingobvuma." Akati, "Ndichakuudza zvatichaita. Tichagadzira. . .Tichaona kuti upinde musangano redu, kana ukangoita izvozvo, unoona, kana ukangorerutsa pane zvishoma zvezvinhu izvi zvauri kutaura nezvazvo. Iwe chingoratidza, enda, unobvumirana navo, enderera mberi navo." Huh-huh! Ungafungidzira here muporofita wechokwadi waMwari achibva paShoko raMwari? Ungadaro here?

"Zvino," varume ava vakati, "asi, takaona chiratidzo," vaporofita 400 ava. "Tinoziva. Tiri vaporofita. Tinoziva, nokuti tiri vaporofita."

151 Mikaya akati, "Handipokane kuti makaona chiratidzo. Handipokane nazvo nepadiki zvapo, kuti zvamakaona, chiratidzo, asi hachisi maererano neShoko racho." Ameni. Akati, "Ndakaonawo chiratidzo, zvakare." Ameni. Oo, nhai vedu! Akanga ari chiratidzo. Akanga ari chiratidzo. Akati, "Ndakaona chiratidzo, uye ndikaona Israeri, semakwai, akapararira pachikomo, asina mufudzi."

Zvino mutariri mukuru uyu, bhishopi, akaendapo ndokumuwatsura pamuromo. Akati, "Mweya waMwari waendepi paWabuda mandiri?"

152 Akati, "Uchaona kana wava mujeri. Uchaona."

Iye, Ahabhu akati, "Isai muchinda uyo mujeri. Mupei chingwa ichi chekutamburira, uye mupei mvura yekutamburira, kuti anwe." Akati, "Kana ndadzoka murugare," akati, "ipapo ndichazoshanda naye."

153 Mutana Mikaya akamirapo neZVANZI NAJEHOVHA. Akati, “Kana mazodzoka, Mwari havana kutaura neni.” Hum! Ndizvozvo. Aiva chii? Akanga ari chiratidzo, chokuti vaporofita vaJehovha, vaporofita vaMwari, vanogara neShoko raMwari.

154 Ukave nemuporofita anoti unofanira kubhabhatidzwa mumadunhurirwa a “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” muporofita wenhema. Kana uchiti kune muporofita pakati penyu, anoti, “Kune vaMwari 3,” muporofita wenhema. Hakuna Rugwaro rwechero chazvo. Ndizvozvo. Asi muporofita wechokwadi waMwari achagara neShoko iroro. Zvino kana chiratidzo chake chichipesana neShoko iroro, haasi muporofita wechokwadi anobva kuna Mwari.

155 Hapana, muBhaibheri, chero munhu akambobhabhatidzwa mudunhurirwa ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.”

156 Tarisai Pauro, kumusoro uko mutirongo, muJudha mudiki, ane mhino yakakombama, ane mhanza, akarara ikoko, achigara makore 20, mujeri reRoma. Akanyora tsamba idzi. Zvino, munofunga kuti muparidzi wechikadzi aifungei pamusoro paPauro, paakati, “Madzimai ngavanyarare mumakereke. Handivatenderi kutaura”? Ndinofungidzira kuti vangadai vakashanda naye chaizvo.

Munofunga kuti mabhishopi iwayo akafungei, mabhishopi iwayo, paakataura zvinhu zvose zvakasiyana izvi, “Regai zvinhu *izvi* pano, ne*izvi* pano, zvese *izvi*, *izvo*,” Pauro achivaudza? “Ndianiko muchinda uyu, zvakadaro, muchinda uyu akarara kumusoro uko mutirongo?” Asi akanga asangana naJesu. Aiziva zvaaitaura nezvazvo.

Uye kubva muboka rimwe chete iroro, mushure mekufa kwaPauro, vakazopedzisira vaumba, kubva muboka iroro ramabhishopi nevepamusoro-soro, kuKanzuru yeNicaea, uye yakaumba chechi yeKatorike, ichibva paShoko raMwari. Ndipo pakapinda “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene” vako. Ndinodenha ani zvake, chero kupi zvako, chero nyika ipi zvayo, kuti vazvipikise.

157 ZVANZI NAJEHOVHA. Rubhabhatidzo uchishandisa dunhurirwa rekuti “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene” nderwenhema. ZVANZI NAJEHOVHA. Ndinoraira mumwe nomumwe wenyu, ari pano kana ari patepi, asina kubhabhatidzwa muZita ra “Jesu Kristu,” kuti abhabhatidzwe zvakare muZita raJesu Kristu.

158 Pauro, muna Mabasa, 5:9, kana, 19:5, akati, “Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva zvamakatenda?”

Vakati, “Hatizivi kana kuine chinonzi Mweya Mutsvene.”

Akati, “Zvino makabhabhatidzwa nerwupi?”

159 Vakati, “Takabhabhatidzwa,” asi kwete murubhabhatidzo rweChikristu.

"Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene" harwusi rubhabhatidzo rweChikristu. Hakuna Mukristu akambobhabhatidzwa saizvozvo, muBhaibheri kana kwemazana emakore mushure meBhaibheri. Chitendwa chechiKatorike, uye hachisi Dzidziso yeChikristu. Ndiratidzei muBhaibheri. Hu—hunyengeri. Kushanda kwemadhimoni.

Handisi kureva kuti vanhu vakabhabhatidzwa saizvozvo vakadaro. Mwari vane vanhu vazhinji kunze uko nhasi vasingazivi zviri nani.

160 Asi, nguva yasvika, tinofanira kudzoka kuShoko kana tichitarisira kuti Mwari vashande muzuva rino sezvaVakamboita kare.

161 Ndakati kuna amai vangu vava kufa, vasati vafa. Ndakati, "Amai, pandakava Mukristu, semukomana, ndakatanga kutsvaga nekuona. Ndaiziva kuti kuna Mwari, kubva muzviratidzo zvamunoziva, nezvinhu zvakaitika mukufamba kwehupenyu." Ndakati, "Zvino ndakaona chechi yeKatorike yakati, 'Ndisu chechi yacho. Hazvina mutsauko wazvinoita zvinotaura Bhaibheri. Tinotenda Izvozvo kuva zvakanaka, asi, ndisu chechi. Zvatinotaura, Mwari vanozvisunga Kudenga.' Uye saka, zvino, vanozviita nenzira *iyi*. Iri nderimwe boka. MaLutherani akati, 'Vakarasika. Tinozvitenda nenzira *iyi*.' MaBaptisti anoti, 'Vese vakarasika. Tinozvitenda nenzira *iyi*.' Uye kune mazana emapoka iwayo."

Nhai, ungave nekutenda sei? Nderipi ravo riri raiti? Pane Chinhu chimwe chete chiri raiti. Ndakange ndisingaChizive panguva iyoyo.

162 Ndakati, "Amai, ndakadzokera kuBhaibheri ndokuwana nzira iyo vaapostora vaya vokutanga, kuti imhandoi yechechi yavaiva nayo, madzidzisiro avaiita, nezvinhu zvavaiita. Ndakazviita nemo-nemo nenzira yavakazviita, nenzira yakataura Bhaibheri, uye ndakawana zvibereko zvimwe chetezvo." Ameni. Regereraiwo chirevo ichi, asi ku—kunaka kana kuipa kwechinhu kunooneka nekuchiedza. Ichokwadi. Ndakawana zvibereko zvimwe chete zvavakawana. Hongu.

163 Saka, haugone kuvaka chivimbo mune chimwe chinhu chine nzira 900 dzakasiyana, dzekuenda ne*uku* ne*uko*.

Zvino ndokuzoona, muBhaibheri, kuti Jesu akati, pachaKe, "Kana munhu akatora Shoko rimwe, kana kuRishandura, muBhuku rino; chero ani achawedzera chero chinhu paRiri, kana kubvisa chimwe chinhu paRiri; mumwe cheteyo achabviswa, chikamu chake chemuBhuku reHupenyu." Zvakaratidza kuti aive nezita rake ipapo, ndizvo, asi richabviswamo. Oo!

164 Tinofanira kudzoka kuShoko iri. "Denga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harifi rakakundika." Hongu, changamire. "Regai izwi remunhu wese rive nhema. Rangu rive

chokwadi," akadaro Jesu. Ngatigarei neShoko. Hongu. Oo, ini zvangu! Hongu.

165 Jehoshafati aiziva kuti Mwari vanochengeta muporofita chaiye, wechokwadi anogara neShoko raVo uye asingarerutsi paRiri. Kwete, changamire.

166 Akanyatsogara naRo. 400 vachipikisana naye, nezviporofita zvavo, zvakare. Asi rake rakanga riri Shoko raMwari, rine chiratidzo chimwe chete nezvimwe.

Uye ndinoti, nhasi uno, chatinoda nhasi murume, muporofita, anosimuka pakati pedu, uyo achagara neShoko raMwari zvisinei nekuti ani zvake anoti kudii, kana chero zvakataurwa nesangano.

167 Mikaya akanga asina vaibatirana pamwe naye. Mosesi akanga asina vaibatirana pamwe naye. Noa akanga asina vaibatirana pamwe naye. Hapana kana mumwe wavo, chete, akambova nevaibatirana pamwe naye. Zvose zvinopesana navo. Asi ivo zviratidzo mumazuva akaipa Mwari vasati vatumira kutonga. Uye Mwari vanochengeta Shoko raVo uye vanoda kuti Shoko raVo richengetwe nevanhu vaVo. Ishe ngavarumbidzwe.

Zvino, ndava kusvika pakuvhara, kwemaminetsi mashoma zvino. Zvino nyatsoteererai.

168 "Pakanga paine murume akatumwa achibva kuna Mwari zita rake rainzi Johane," muporofita anova chiratidzo. Jesu asati ambouya panyika, kuzoZvizivisa, Akatumira muporofita pamberi kwaKe. Ko Akazviita here? Akatumira muporofita, Eria weTestamende Yekare, akaporofitwa kuti achauya musimba raEria weTestamende Yekare. Aizova muporofita anova chiratidzo chokuti Jesu akanga achiuya, kuti paizova naMesiya aizouya.

169 Zvino Johane akabuda murenje, akanga ari chiratidzo chokuti Mesiya akanga ari munzira yaKe. Johane paakaonekwa, Israeri yaifanira kunge yakaziva, kubudikidza nevaporofita vavo.

Ndipo apo vanhu vanozvipotsa. Havatendi vaporofita vavo. Havatendi. "Hatitendi kuti zvakataurwa naPetro zvakanga zviri zvechokwadi, paZuva rePentekosti." Havatendi kuti ndizvozvo. Havatendi zvakataurwa naPauro, zvimwe chetezvo zvakaitwa naPetro. Akati, "Kana Mutumwa anobva Kudenga achiparidza rimwe shoko, ngaave wakatukwa." Havatendi izvozvo. Maona? Havazvitendi.

Uye havana kutenda vaporofita vavo. Dai vainge vakaziva, vangadai vakaziva kuti Isaya akati, "Pachava neinzwi reuyo anodanidzira ari murenje, richagadzira nzira pamberi paShe." Vaifanira kunge vakazviziva. Aive muporofita, muchinda wevaporofita. Akavaudza, asi havana kuzvitenda. Kwete, kwete. Akati, "Kuna Mesiya ari kuuya."

170 Murume uyu akanga ari murume akatumwa kubva kuna Mwari. Oo, hama! Akanga asina vaimutevera. Mwari vakamupa vateveri, boka duku, sezvaVakaita Eria. Mwari vakamupa vateveri vake. Haana kuvawana kubva kune rimwewo sangano rezvematongerwo enyika. Akaparidza Shoko, akagara paShoko raMwari, Mwari ndokumupa boka duku. Eria akagara paShoko raMwari. Mwari vakamupa boka duku.

171 Murume uyu akanga asina vaibatirana pamwe naye. Akanga asina vateveri, akanga asina vaibatirana pamwe naye, akanga asiri wesangano ripi zvaro, hapana chaaikumbira uye hapana chaaitya. Akanga ari Johane. Sei? Akanga ari murume akatumwa kubva kuna Mwari. Ndicho chikonzero akamira. Akanga ari Eria akamira ipapo, kuratidza kuvanhu kuti Mesiya akanga achiuya. Akati, "Ndini inzwi reuyo anodanidzira ari murenje, sezvakataura muporofita Isaya. Gadzirirai kusangana naShe."

172 VaFarise nevaSadhusi vaya vakamira kunze uko vakaitirana nharo pamusoro pemabhachi avo nezvimwe. Ipapo pavakanga vachiitirana nharo uye vachikakavadzana pamusoro pazvo, pakati pavo chaipo pakabva pasvika Mesiya, achifamba.

173 Johane akati, "Tarirai, hoyo Uyo." Hareruya! Mutarisei. Akanga aMuzivisa. "Hoyo Uyo. Akamira pakati penyu chaipo zvino."

Panguva ingangoita saiyoyo, matenga akatinhira. Jesu akafamba achipinda mumvura. Zvino Johane akapupura, achiona Mweya waMwari, wakaita senjiva, uchiburuka. Inzwi richidanidzira, "Uyu ndiye Mwanakomana waNgu wandinoda waNdinofarira kugara maAri." Oo, ini zvangu, ini zvangu!

174 Johane akati, "Zvino ini ndinofanira kuderera. Iye achikwirira." Oo, muporofita wakadini, chiratidzo kuIsraeri! Hongu, changamire.

175 Akanga ari murume akatumwa kubva kuna Mwari, kunyange hazvo baba vake vaiva muprisita. Oo, hongu. Baba vake, Zakaria, vaiva muprisita. Asi macherechedza here? Mwari havana kutomborega muporofita iyeye achivhengana nemasangano avo. Baba vake vangadai vakamutora vakamuendesa kuchikoro chebhaibheri, kusangano guru *Rakati-rakati*, vakamuita mushumiri akanaka, munoziva, uye vakamudzidzisa zvose, nokumupa zvinhu zvakawanda zvaaisafanira kuva nazvo. Asi Mwari havana kutomborega mweya wake uchisvibiswa. Munonzwisisa here? Havana kukwanisa kurega murume iyeye achivhengana nemasangano. Akanga asiri wechero rimwe rawo, asina boka, vaFarisei, vaSadhuse, kana vaHerodhi, kana chero chipi zvacho charingava. Mwari havana kuzvibvumira.

176 Akazvarwa zvakatsaurwa. Akanga ari mwana akatsaurwa. Akanga ari muporofita. Baba vake vaive muprisita, asi

haVana kumutendera kuti avhengane nevanyengeri vavo vose, zvitendero zvechiFarisei nezvimwe. Chii chaVakaita? Vakamutora vakaenda naye kurenje ndokumudzidzisa mugwenga.

177 Kudzidziswa kwakadini! Ameni. Vakamudzidzisa nechiitiko. Ndizvo zvakanakisa, pakuziva Mwari. Paakabuda, ainyatsoziva kuti basa rake raiva rei. Mwari vakasimbisa basa iroro.

Vakazvisimbisa papi? Parwizi. Zvino, kana ukakwanisa kubatanidza ipapo nepaya. Maona? Parwizi!

Akati, "Ndiri inzwi reuyo anodanidzira ari murenje, 'Gadzirai nzira yaShe, ruramisai nzira yaVo.'"

178 Johane, murume akatumwa kubva kuna Mwari. Mwari havana kutombomurega achisvibiswa nazvo. Vakamudzidzisira murenje, naMwari. Havana kumudzidzisa muzvikoro zvavo, kwete mufundo yavo yebhaibheri. Dai Vakazviita, angadai akarovedzerwa nezvinhu sezvaungabuda nazvo muzvikoro nhasi, marudzi ose ezvikoro. Kwete bedzi zvePresbyteriani, Baptisti neMethodisti, asi zvikoro zvePentekosti, zvakangoipa zvimwe chetezvo, chero chipi chezvikoro zvebhaibheri, chinovabuditsa imomo. Oo!

179 Kuuya kwake, wakataura Mweya, waIsaya. Kuuya kwake, kuuya kwaJohane, kwakafanotaurwa muMagwaro. Isaya 40:3 yakati, "Ndichatumira mutumwa waNgu pamberi kwaNgu, agadzirire nzira," kana kuti, aiva Maraki 3. Akati . . . Maraki 3 akati Achatuma mutumwa waKe pamberi paKe. Muporofita, muporofita wekupedzisira, akataura nezvake. Chinhu chekupedzisira chakataura nezvake. Rangarirai, Bhuku rekupedzisira reTestamende Yekare rakataura kuti Eria aizouya kuvana vaIsraeri Mesiya asati aratidzwa.

180 Magadzirira here? Bhuku rekupedzisira muBhaibheri, Zvakazarurwa, rinotiratidza kuti kuchava nekudzoka kwake nezuva rokupedzisira, kukereke yeMarudzi, chiratidzo. Vanozvipotsa kwazvo! Akaporofitwa kuti achauya zvakare, Kuuya kukuru nekwechipiri kwaShe kwave pedyo kusvika. Muna Mara- . . . Muna Maraki chitsauko 4, muna Zvakazarurwa zvakare, chitsauko 3, inotiudza kuti achange ari pano mumazuva okupedzisira. Mumwe chete iyeye, achamira pamukaha akamiririra vanhu, neboka duku raachapihwa naMwari, achauya mumazuva ekupedzisira. Mwari vakataura kudaro. Achange ari chiratidzo kurudzi rwuno rweMarudzi, kuti nguva yake hapachina.

181 Uye, rangarirai, paanoonekwa panzvimbo, nguva yava pedyo. Ngatinamatei kuti Mwari vamutumire. Nguva yave pedyo.

182 Mushure mokunge shumiro yake yapera, Mesiya akaZviratidza. Kana mukuru uyu angouya mumazuva

ekupedzisira, achipedza shumiro yake, Mesiya achabva aZviratidza. Zvichava saizvozvo. Nguva yave pedyo, saka ngatichitonamatai. Chitotangai kunamata.

183 Chiratidzo chake chaakapihwa naMwari kuchizvarwa chino chicharatidza zvaari. Munhu wose achachiziva. Mwari vachachisimbisa. Acharatidza zviratidzo nezvishamiso zvisina kumbobvira zvaitwa panyika, nacho. Handirevi kugwinha-gwinha, kuzunguzika, nekutaura nendimi. Achatsigirwa neShoko raMwari, sezvaive zviri murume uyu. Sei? Akaporofitwa kuti achauya, muna Maraki 4 naZvakazarurwa 3, nokudaro achauya. Hapana chichamumisa; ari kuuya. Ameni. Achange ari pano. Ameni. Vanhu ngavawire pasi nezviso zvavo nhasi uno uye vatange kuchema kuna Mwari, uye mozotarisa zvinoitika. Munozomuona achiratidzwa nesimba. Hongu, changamire.

184 Maererano neGwaro, Mharidzo yake yechiratidzo ichava "kudzorera." Ko yake icha . . . Tichamuziva kuva akaita sei? Tichaziva sei kuti ndiye wacho chaiye?

185 Munoziva, Israeri yakazvibvunza pane imwe nguva, umo muna Deuteronomio, chitsauko 20 . . . ndima 20, ndinotenda ndiyo. Akati, "Ko tichaziva sei kuti uyu ndiye achava wacho chaiye?"

Tinoziva sei? Mwari vanotiudza kuti tichamuziva. Chii chaachaita? "Achange achidzorera mwoyo yevana kuMharidzo yepamavambo yepentekosti pakutanga kwacho." Oo, ini zvangu!

186 Chiratidzo chisingacherechedzwi, chiratidzo chemazvirokwazvo, uye vanochipotsa. Vanogara vachidaro.

187 Kudzokera kuChechi yechokwadi, Mharidzo yechokwadi! Achamira ega achipikisa sangano, akashinga uye asingatyi, aine ZVANZI NAJEHOVHA. Haana sangano raanorerutsira. Haazovi nechokuita nechero ripi zvaro; haazombonyengerera nokuda kwechii zvacho. Anenge akananga paShoko chaipo, ZVANZI NAJEHOVHA. Mwari vachasimbisa shumiro yake nezviratidzo nezvishamiso, kuzarurwa kukuru kweShoko, nekuunza kuvanhu. Izuva rakadini rava pedyo! Kuda . . . Achamira sezvakaita Petro naJohane, mushure, paZuva rePentekosti.

Mushure mePentekosti, pavakanga vakazadzwa noMweya Mutsvene, vabhabhatidzwa ipapo, vakamira mudare iroro reSanihedrini. Vakamira ipapo nehushingi hwose hwavaigona kumira nahwo. Apo, pavakati, "Tinokurambidzai kudzidzisa muZita raJesu, zvachose."

188 Akati, "Zvakanaka here kuti tikuteererei imi, kana Mwari? Tongai henyu pakati penyu." Vasingazive, vasina kudzidza. Ameni. Vaiva vaporofita. Vaive vaporofita vakazodzwa naMwari. Vaiva zviratidzo zveMweya Mutsvene. Vaiva vaporofita. Vaiziva.

189 Vakanga vakangofanana naJohane. Vakambenge vari kumusoro ikoko paPentekosti zvino vakawana chimwe chinhu.

Vakanga vasina kufanana nevazhinji vevaparidzi vedu nhasi, vokuzviitisa voga, vachizvirumbidza nesangano guru ravainaro, kuti vangani vatinavo mumapoka edu makuru. "Tinomira sesangano guru. Tinoita basa guru rechimishinari." Oo, nhai vedu! "Oo, tine mhomho huru kupfuura vamwe vose." Chii ichochi? Madhonzero ezvematongerwo enyika. Ndinoda kuti munyatsoteerera, maminetsi 2, 3 anotevera. Madhonzero ezvematongerwo enyika.

190 Chokwadi ndataura chimwe chinhu, maminetsi mashoma apfuura, munoziva zvandiri kutaura nezvazvo. Chiratidzo chakaporofitwa. Ndachisiya chakadaro, ndikazviisa mumaoko enyu. Maona? Zvino, kwete imi chete pano, asi avo vachanzwa. Zviri mumaoko enyu. Itai chero zvamunoda nacho. Imi namatai, uye moona Mwari vachifamba panzvimbo. Vatarisei vachizadzisa Shoko raVo. Vakamirira.

191 Apo mabhomba eatomiki, uye vanhu vari kutya; nePentagon, havazive zvekuita; nezviratidzo zvisinganzwisisike mumatenga, zvezviedza zvinobhururuka, nezvose zvakafanotaurwa naMwari: Yasvika nguva yekuti Eria uya, (ari pane imwe nzvimbo), asimuke panzvimbo.

192 Regai vanhu, regai boka duku iroro, vanosara ivavo vashoma vaachapiwa naMwari, regai vashoma ivavo vakasara vatange kudana kuna Mwari, uye moona zvinozoitika. Pachava nemangange enyika. Pachava nesimba ravasina kumboona kumashure. Dambudziko racho nderekuti, panguva ino, nguva ichange yavaperera ipapo. Mikova ichange yavharwa. Saka, rangarirai, tave panguva yekupedzisira. Namatai.

193 Tarisai nhasi yatinoti shumiro. Chii chatinacho? Zvino, mukuvhara, ndinoda kutaura izvi. Chii chatinacho? Hatina chinhu. Vamwe vevatungamiri vedu vakurusa, vavhangeri vedu vakurusa; mumwe wevavhangeri vedu vakuru akati, "Kana ndikakwanisa kuwana 10 kubva mu 100 vevandakatendeutsa vachakabatirira, pagore, ndichatenda zvikuru." Apo, kunyangwe kusvika kuna Finney, aive nezvikamu 97 kubva mu100 vavo.

Pauro aive nezana nemazana, mazana nemazana. Mumwe aiponeswa, uye, aive akanyatsozadzwa, hama, aienda kunoudza mumwewo munhu; aizoudza mumwewo munhu; uye aizoudza mumwewo munhu; vakasvika mumamiriyoni. Sei? Vaiva nechimwe chinhu. Vakanga vari paShoko.

194 Nhasi, tinongofunga nezvemapoka makuru. Chii ichochi? Isangano rezvematongerwo enyika. Kana tikauya, mumwe muvhangeri mukuru akauya muguta, chii chinouya kutanga? Boka revarume. Kana vose maMethodisti, maBaptisti, maPresbyteriani, vose zvavo, vanoita kaboka kokuti, ivo,

"Ava vanogona kungoparidza *izvi*, uye haagone kuparidza *izvo*, uye haakwanise kuparidza *izvi*, asi anogona kuparidza *izvo*," chii chamunacho?

195 Zvino vanofamba vachiendako, madzimai. Ndiri kutaura pamusoro pemaPentekosti. Vakadzi vanopinda imomo, kumusoro kuartari, vanoramba vachingokumbira.

196 Ndagara ndichipesana nekudanira vanhu kuartari. Regai nditongozvitaura. Handitendi maari. Hamuna chinhu chakadaro muBhaibheri. Munhu angauya sei kunze kwekunge Mwari vamudana? Hawaikwanisa kumudzivisa. Haudi kuti udane chero chinhu. Mwari vakamudana. Kudanira vanhu kuartari ipfungwa yechiMethodisti. Ndizvozvo. Kudanira vanhu kuartari, vanovabata, voti, "John, unoziva, amai vako vakafa kare-kare."

197 "Ooh-ooh-ooh, hongu, hama, ooh-ooh!" Ikoko hakusi kutendeuka.

198 Pano, husiku hushoma hwapfuura, takava nekuratidzwa muLouisville, kwemukadzi akaunzwa ari mubhokisi, akaiswa papauratifomu yemuimba yezvombo. "Mazana evanhu," zvikanzi, "mhanyirai kuartari." Vhangeri harisi rekutyisidzira. Hakusi kunzwira tsitsi. Kutendeuka kwekunge wanyatsopomerwa.

199 Tarisai pamisangano iyi, vavhangeri vakuru ava, uye kunyange mushumiro yangu diki yakaninipa, ndisingatombozvisiyawo. Dzimwe nguva ndinonzwa sekunyara, kubuda. Ndizvozvo. Chii chatinofanira kuita? Kumira nekushevedza vanhu kuartari tovanyengetedza. Vasikana vadiki vanouya kumusoro ikoko, uye vese vachitsenga havo chingamu, voti, "Maona? Maona? Ndiri kuenda. Uh-huh." Madzimai aya anouya kumusoro ikoko, nevhudzi rakagerwa nezviso zvakapendwa, maPentekosti, vopinda, vobuda, vachiti vataura nendimi. Uye vasingamboregi bvudzi ravo richikura, uye voramba vachiita zvimwe chete zvavaiita. Unondiudza kuti ndiko kutendeuka ikoko? Kutsvinyira Mwari ikoko. Bhaibheri rakati, "Chivi uye zvinonyadzisa kwavari kugera bvudzi ravo." Mudzimai ane bvudzi rakagerwa angapomera sei mudzimai ane pendi kumeso kwake? Chitongozvinzwai zvenyu. Nguva iri kuuya, kusvikira demo raiswa pamudzi wemuti. Zvino muti wese usingabereki muchero wakanaka unotemerwa pasi.

200 Chii chiri kunetsa? Zvakanga zvakaipa, nokuti vanongonziwo vaparidzi vedu vechimanjemanje, kunze kuno, mhomho huru nekuzvitutumadza, masangano asina zvaanoziva pamusoro paMwari sekusaziva kwemuHottentot nezvehusiku hwemuEgipita, kana hwasvika. Vanoenda kumusoro ikoko . . .

201 Ko dai vanhu vepaPentekosti vaye vakaenda kumusoro ikoko uye voti, "Zvino, Jesu akatirayira kuti tinofanira kuenda kumusoro kuno uye tigare kusvikira tagamuchira simba

rinobva Kumusoro. Zvino, hama, tanga tiri pano mazuva 9, nechekare. Ngatizvigamuchirei, nokutenda. Zvino, tave neMweya Mutsvene. Ngatibudei, nokuti tanga tingori pano. Takaita zvatakaudzwa naJesu kuti tiite"? Pangadai pasina kumbova nechiitiko.

202 Regai ndikuudzei chimwe chinhu. Ndinoziva kuti izvi zviri patepi, asi hezvinoi zvichiuya, zvakadaro. Teererai. Ndiri kuzokuudzai chimwe chinhu. Zvinonyadzisa. Vanhu vachiedza ku. . .Handina kumbobvira ndakatenda kuti Mweya Mutsvene waiva "kuzunguzika." Handina kumbobvira ndakatenda kuti Mweya Mutsvene waiva "humbowo hwekutaura nendimi, kana kuchema, kana kudanidzira." Iwayo manzwiro emanyawi. Ndinotenda kuti Mweya Mutsvene unokwanisa kuzviita. Asi Mweya Mutsvene hugaro hwaMwari. Ndinotenda boka guru revanhu vanozviti vane Mweya Mutsvene, havana kana chinhu chimwe chete chavanoziva nezvaKe. Unosangana naMwari.

203 Sei, neZuva rePentekosti, vakati. . .Zvino, semaBaptisti nhasi, maPresbyteriani nemaMethodisti, ndinobvunza, "Unotenda here kuti une. . .?"

204 "Oo, hongu, tinoUgamuchira, nokutenda." Nokutenda, hapana. Hausi iWo.

205 Kutekenyedzwa, unofarira kuona kunyura kwezuva, unomira uchiona zuva richinyura, wochema, nemisodzi ichiyerera, havasi Mwari, manyawi, kubva kune chimwe chinhu chiri mauri. Unonzwa kuti mumwe munhu ari kurwara, kana kuti mumwe munhu ari kufa, unoridza mhere pamwe nokuchichema. Havasi Mwari. Manzwiro emunhu. Kuti Mwari. . .

206 Ndakaona vanhu vari pamutambo webhora, vachifara zvekuti vanokakama nemiromo yavo, nezvimwe zvese. Usandiudza.

Tinoda rumutsiriro, ruponeso. Zvino maPentekosti anouya, oita kuti vanhu vapinde mumanyawi, vovaudza kuti, "Pavanotaura nendimi, vawana Mweya Mutsvene." Uye vamwe vavo vanorarama mhando dzose dzehupenyu, pashure pacho.

Teererai, hama. PaZuva rePentekosti, zvakanga zvisina kudaro. Havana kumbovimba nendimi kana chero chimwewo. Pavakanga vari ipapo, vakamira panzvimbo imwe chete, muhumwe, Mwari vakaburuka, chaizvoizvo, pakati pavo. Vakaona, pane mumwe nemumwe wavo, ndimi dzeMoto, dzakada *kudai*, dzakarembera pamusoro pemusoro wavo. Mwari vaivepo. Kwaive kusiri kuti, "Ugamuchire nokutenda, kana mamwe manyawi." Vakazadzwa noMweya Mutsvene, ndokubva vabuda vakatanga kutaura nendimi. Asi, kutanga, vakasangana naMwari.

Ndiro dambudziko racho nhasi. Vanhu vanobatikana pamwe nokupinda mukufarisa, manyawi, uye usiri Mweya Mutsvene.

Mweya Mutsvene ndihwo hugaro hwaMwari. Mashoko ako ndiwo maShoko aVo. Ndikuudzei, chatinoda nhasi, kudana.

207 Vanhu vanopinda, madzimai saizvozvo, vanopinda, votaura nendimi, vodzoka vachibuda. Uye woenda kunzvimbo dzavo dzavane machechi avo . . .

208 Ndinoshuva kuti dai Billy ange akagara pano. Ndichangobva kuwana tsamba kubva zasi uko kune imwe nzvimbo, rimwe zuva, apo mumwe mudzimai akati, "Ndiri werimwe, guru . . . " sangano gurusa remaPentekosti, sangano guru reTrinitarian. Vakati, "Madzimai edu ose, Hama Branham, vose vanogera vhudzi ravo. Ndaive nevhudzi refu dema." Akati, "Ndaigara ndichirida, nokuti ndaitenda kuti zvaiva zvaShe." Akati, "Handina kumbopoda kumeso. Chechi yedu inodzidzisa kuti ndezvechinyakare." Akati, "Vakandiudza, pandakanga ndiine bvudzi rangu rakamonwa kuita chibhanzi, kugotsi, vakati, 'Tarisa uone, une vhiri rakaponja kugotsi,' nezvose zvakadaro. Vakati, 'Wakatakura vhiri raka—rakaponja kuseri kwemusoro wako.'" Uye akati, "Pakupedzisira, murume wangu akati, 'Wadii wagera bvudzi rako wongofanana nevamwe vose?'"

Zvino ndine tsamba iri kudzokera kwaari.

Akati, "Ndizvo here? Ndakanzwa imwe yematepi enyu, kuti rubhabhatidzo rweChikristu rwuri muZita raJesu Kristu." Zvino, munoziva zvaachazowana. Handiti? Akati, "Ndiudzei, Hama Branham. Ndine nzara. Ndinoda kuziva zvandakaita."

209 Ndiri kuzoti, "Murume wenyu akadzokera shure anonyadzisa. Uye neboka iroro risina Mwari ramuri kunamata naro, ibvai pakati pavo." Ndizvozvo. Mwari havagoni kushanduka. Kana Mwari vataura chero chinhu, Vanozvirevesa. Handina basa kuti vaparidzi vangani vakadzokera shure vanoda kurerutsa, kuti vawane sangano guru kana boka. Tinoda vanounza vanhu kuruponeso. Varume vanomira vachirega madzimai avo achiita saizvozvo, handina chivimbo nechiitiko chako chekuva Mukristu. Ndizvozvo. Tendeuka, kana kuti woparara! Maihwee, zvangu!

210 Vopinda saizvozvo, vojoinha machechi, machechi ePentekosti, vobuda kunze uye vasingamboshanduki kana napaduku pose; voramba vari chinhu chimwe chete, vasingambopfakanyika kana nepadiki zvapo. Oo, nhai vedu! Chii ichocho? VanaJezebheri vechizvino-zvino. Pane mudzimai mumwe chete muBhaibheri akambopenda chiso chake, uye Mwari vakamudyisa nembwa. VanaJezebheri vechizvino-zvino vachizvuzvurudza vanaAhabhu vavo nekora, murume upi zvake anoita semukadzi anorega mudzimai wake achiita saizvozvo, opfeka zvikabudura nezvimwe, uye obuda kunze kuno mumugwagwa uye achipfeka madhirezi akaita kubata seganda riri pasochisi saizvozvo. Uye oenda . . . Handitauriri izvozvo kusekesa. Ino haisi nzvimbo yenyambo. Iri

iShoko raMwari. Ichokwadi. Ndizvozvo. Anofamba achidzika nemugwagwa, akapfeka rokwe, rinonyatsobata, kusvikira asisagone kufamba. Zvino, mumwe murume akataura chimwe chinhu pamusoro pake, zvino iwe woda kumurwisa. Unoda kuti shaya yako iwatsurwe, ndizvozvo, nekuda kwekumurega achizviita. Zvinoratidza zvawakagadzirwa nazvo. Ndizvozvo chaizvo.

211 Chatinoda iVhangeri. Mwari, simudzai mumwe munhu panzvimbo anonyatsodzokera kuShoko. Mwari vakati hachisi chinhu chine hunhu kuti mukadzi auye kuchechi achinamata akagera bvudzi rake. Uye mudzimai anogera bvudzi rake, ndiye . . . murume ane kodzero yakakwana yokumuramba. Mukadzi asina hunhu. Bhaibheri rakataura kudaro. Haana rukudzo kumurume wake. Anogona kunge asingazivi. Mukadzi upi zvake anopfeka zvikabudura haana hunhu. Anogona kunge asingazvizivi. Amai, handisi kuyedza kukurwadzisai. Ndiri kuyedza kukuponesai kubva kudziva remoto, negehena. Tendeukai!

212 "Zvinoka," unoti, "Ndine Mweya Mutsvene." Zvino woita saizvozvo, naMwari agere mukati mako, iye Mwari wacho chaiye akataura kuti usazviita?

213 "Asika," unoti, "Ndakataura nendimi." Ndakaona madhimoni achitaura nendimi. Ndakaona, muAfrica, achinwa ropa kubva mudehenya remunhu, uye nokutaura nendimi uye achidana pana dhiyabhore. Ndakanga ndiri mumisasa yevaroyi nevaroyirume, kwavaitaura nendimi nokudzidudzira. Ndakaona mapenzura ari patafura achinyora nendimi dzisingazivikanwi, zvino murume ndokuuya, kuzodzidudzira. Chaiva chokwadi. Usandiudza nezvendimi. Tave nedzakawandisa zvadzo zvino.

Asi, ndinotenda kuti Mwari vane ndimi dzisingazivikanwe. Ndinotenda kuti Mwari vanotaura nendimi dzisingazivikanwi, asi regai kuzembera pane izvozvo. Pauro akati, "Kunyangwe ndikataura nendimi dzevanhu neNgirozi, uye ndisina Mweya Mutsvene, handisi chinhu. Kunyange ndichigona kufambisa makomo . . ."

214 Vanhu vazhinji vari kuyedza kuti, "Oo, *uyu* munhu mukuru waMwari. Munofanira kuona zvishamiso zvikuru." Handiti, madhimoni anopodza . . .

Madhimoni anobuda kunze onoita zvinhu zvakadaro. Ndinoziva varoyi vanobuda, nezvimwe zvakadaro, akazvimonera apuroni sa*izvozvo*. Vanoisa mari imomo. Anotora bvudzi kubva kumashure kwemusoro wake, orimonera muropa uye okanda mukati. Zvino vanhu ivavo vanhu vakatendeka, vanotenda. Haasi munhu iyeye. Vanhu ivavo vari kutenda kuti vari kusvika kuna Mwari, kuburikidza nen'anga.

215 Jesu haana here kuti, "Vazhinji vachauya kwaNdiri nezuva iroro, uye voti, 'Ndakave nemisangano mikuru yekunamatira

vanorwara'"? Ichocho hachisi chiratidzo. Chiratidzo chekuti tave kumagumo. Jesu haana here kuti, muna Mateo chitsauko 24, kunge ndima 24, zvakare, 24:24? Uye Akati, "Vaporofita venhema vachasimuka mumazuva ekupedzisira uye vagoratidza zviratidzo zvikuru zvekuti vangatonyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaibvira." Asi Vasanangurwa vakamira paShoko. Vanoziva kuti chiratidzo chechokwadi chii.

216 Ko munhu, anoita zvinhu izvi, anoramba Kutenda kwaMwari, angataura sei kuti muporofita anobva kunaShe? Ko munhu anogona sei?

Anogona kunge ari muporofita, sezvakaita avo zasi uko munguva yaAhabhu naJehoshafati, Mikaya paakamirapo. Asi vaive nemumwe zasi uko aimira paShoko, Eria. Shoko raShe raive rakanyorwa, kuti Ahabhu aizosvika kumagumo ake, uye chiratidzo chaEria chaiva naizvozvo.

217 Uye chero munhu, chero munhu anozviti ndewemweya kana muporofita, anobvuma kuti Shoko rose re*iRi* nderechokwadi. Anogona sei kuva muTrinitarian? Angabhabhatidza sei muzita ra "Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene," uye oti akazodzwa noMweya? Ko angadzidzise sei vanhu kukanganisa ikoko, asi oramba akazodzwa neMweya? Hazvigoni kuitwa. Hazvitombogoneki.

218 Ndinoziva kuti hazvifarirwi. Asi isu hatidi kuve nemukurumbira. Unoda kuva wakatendeka.

Zvino, Jezebheri navanaAhabhu. Hongu, changamire.

219 Ko, sei vachizviita? Sei madzimai iwayo achidaro, kugara nebvudzi ravo rakagerwa, nokupenda kumeso, nokubuda vopfeka zvikabudura apo varume vachipfuura nepo, nezvinhu zvakadaro, varume vavo vanozviita? Nokuti havana muporofita wechokwadi papurupiti yavo, anovaudza Chokwadi. Vanovaudza kuti, "Asika, izvozvo hazvina musiyano. Zvakanaka. Hausungirwe kuti uve *naro*." Iwe!

220 IShoko raShe. Bhaibheri rakati, "Mudzimai wese anopfeka hanzu yemurume chinyangadzo pamberi paMwari." Mwari havashanduke. Vangagona kushanduka sei vogova Mwari? Havana magumo.

221 Vanoda muporofita wechokwadi anovaudza kuti ichocho chiratidzo chemagumo. Bhaibheri rakati vachazviita. Isaya, chitsauko 5, yakati madzimai aizoita izvozvo mumazuva okupedzisira. Chaizvoizvo. Saka, havoka avo.

222 Asi vanoti vane muporofita papurupiti, anotya Shoko raMwari. Kwete. . . Anotya ungano.

Ngatinamatei kuti Mwari vatitumire Chiedza ichocho chenguva yekupedzisira, Chiedza ichocho chemanheru, vatitumire wacho waVakavimbisa kuzodaro, kuChechi yakasanangurwa, anovaudza zviri Chokwadi, omira paShoko

raMwari. Regai vanaJezebheri navanaAhabhu, zvino vachavaparadzanisa. Ndizvozvo chaizvo.

223 Rangarirai madzimai paakatanga kuita saizvozvo. Zvino chingodzokerai zvishoma, pavakatanga kugera vhudzi ravo nekuita saizvozvo. Apo madzimai paakatanga kuita saizvozvo, inguva iyoyo uye nemwaka wacho apo Eria mumazuva ekupedzisira achaonekwa panzvimbo aine chiratidzo chenguva yekupedzisira, aine chiratidzo chenguva yekupedzisira sezvazvaiva mumazuva aRoti. Maona? Chiratidzo chenguva yekupedzisira; vakadzi pavanotanga kuita saizvozvo. Vari kuita saizvozvo zvino. Panguva iyo apo Eria anofanira kuuya panzvimbo, achitwasanudza nekudana, achitsiura nekukoromorera pasi, chaizvo, nechiratidzo chaMwari kumashure kwake, achifambira mberi. Haasi kuzodaidza boka guru zvino. Bhaibheri rakati, "Musatya, imi boka duku, kuda kwaBaba venyu kwakanaka kukupai Humambo." Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo.

224 Anofanira kurambwa navose kunze kweboka duku, nokuti akafanana naEria ne 700 vake, naJohane neboka rake duku. Hongu.

225 Munoona patakamira nhasi? Tinofanira kudzokera kuPentekosti yepakutanga. Tinofanira kudzokera kuzvinhu zvaMwari. Tinofanira kudzokera. Hama, hanzvadzi, usanyengerwa muchiitiko chako. Taka—takamirira nguva iyoyo.

226 Usangotora chete, "Ndi—ndinovimba kudaro. Ndinotenda, nokutenda ndinoUgamuchira." Usaite izvozvo. Iwe sangana naMwari, chiso nechiso, uye wozadzwa noMweya, zvino ipapo wobva watarisa zvinoitika. Zvino kana mweya iwoyo uri mauri uchipesana neShoko iri, zvino siyana nemweya iwoyo. Enda unotora . . . Namata kuti Mwari vakupe Mweya wavo, zvino.

227 Kana Mweya uyu wasimuka muzuva rekupedzisira, Uchava yambiro inovapikisa, avo vari venhema. Maona? Nokuti, Johane akati, "Musafunga kutaura mukati menyu kuti isu . . . kuti imi 'tina Abrahama sababa vedu.'" Isu tine . . . Tiri . . .

"Isu, madzibaba edu aive maMethodisti, maBaptisti, Presbyteriani, kana muPentekosti." Musafunga kutaura, imi, "Mwari," uye muri vana vaAbrahama, nekuti Mwari vanogona kumutsira Abrahama vana kubva pamabwe awa. Usafunge nekuti uri muPentekosti, kuti uchapembedzwa. Kwete zvachose. Mwari vanogona kubva pamatombo aya kumutsira Abrahama vana. Ndizvozvo chaizvo. Hongu, changamire.

228 Ingotaura Shoko raMwari, muchokwadi chezuva rekupedzisira. Chiporofita chake ndicho . . .

229 Kana mukadaro, regai ndingodzoka kuno kweminiti, regai ndikuratidzei kuti tingaziva sei. Ndine Magwaro akawanda akanyorwa zasi pano. Ndanga ndiri kungotaura nezvaWo.

Ndinoda kukuverengerai rimwe. Kubva, regai, kutanga, ngatitorei . . . Ngatitorei Dheuteronomio, chitsauko 18, uye tichazviona, kwechinguva. Kungodaro, tisati tavhara pano, kuitira kuti ndigokuverengerai Gwaro iri. Muna Deuteronomio, chitsauko 18, zvakanaka, uye ngationei zvino. Ndima 20 yechitsauko 18, Deuteronomio, 20:

> *Asi muporofita,* achaita zvekufungidzira kutaura *shoko muzita rangu, randisina kumuraira kuti aritaure, kana* acha*taura muzita ravamwe vamwari* (vakawanda), *kunyange muporofita iyeye* achafa.

Ndizvozvo. Kuparara pamweya. Zvakanaka. "Mweya unotadza, uchafa." Tina Mwari mumwe chete, kwete "vanaMwari."

> *Zvino kana iwe* ukati *mumwoyo* mako, *Ko tichaziva seiko shoko* iro JEHOVHA vaka . . . vasina kutaura?

"Tichaziva sei? Pachave neakawanda kwazvo awo, tichaziva sei? Uyu anotaura *izvo,* mumwewo otaura *izvi-zvakadai*. Zvino, mumwe anotaura *izvi,* uye mumwe wacho akataura *izvo,* nezvimwe zvakadaro." Zvino tarisai. Tinoziva.

> *Kana muporofita achinge ataura muzita ra*JEHOVHA, kana *chinhu* chacho *chikasaitika,* kana *chikasavapo, ndicho chinhu chisina kutaurwa naJEHOVHA,* asi *muporofita wakaritaura* achiita zvekufungidzira: *haufaniri kumutya.*

230 Kana Mwari vasina kuzvitaura, saka usazvitya. Zva—zvakanaka, chingoenderera mberi uye ukanganwe nezvazvo. Maona?

231 Zvino tarisai zvatinonzwa nhasi. Chitendwa chevaApostora, chitendwa cheMethodisti, chitendwa cheBaptisti, chitendwa chemaPentekosti, chitendwa, chitendwa, chitendwa. Chii chinonzi chitendwa? Unochiwana kupi? Ndinopikisa chero munhu kuti andiratidze Chitendwa chevaApostora muBhaibheri. Ndinotenda kuti hakuna chinhu chakadaro.

Kana vaapostora vaive nechitendwa chavakamborembera pachiri, hechinoi ichi: "Tendeukai mumwe nemumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti vimbiso ndeyenyu."

Hamuoni here patiri, shamwari? Tiri muchinhano chakaipa. Chii ichocho? Chiratidzo chechokwadi chisingacherechedzwi.

232 Zvino, muri varume nevakadzi, vazhinji venyu, uye muri vana vaMwari. Musaregera kuchicherechedza. Rangarirai kuti tinofanira kuva nezvinhu izvi. Zvinofanira kuitika muzuva rino, munguva ino yatiri kurarama mairi. Ino ndiyo nguva yacho, Kuuya kwaMesiya kwave kusvika, panofanira kuva nechiziviso chinobva kuna Mwari.

Rega ndikuverengerei izvozvo. Ngatidzokerei kuna Maraki. Ndiro rekupedzisira reTestamende Yakare, uye teererai zvaVanotaura pano muna Maraki. Ipapo ticha . . . Teererai kune izvi kwechinguvana.

Zvino, kana mukacherechedza, Maraki 3, ichitaura izvo Jesu akataura nezvaJohane achiuya:

> *Tarirai,* ndichatuma *nhume yangu,* uye *achagadzira nzira pamberi pangu:* zvino *Ishe, wamunotsvaka,* achauya *pakarepo patemberi yake,* kunyangwe *iye mutumwa wesungano, wamuno*farira*: tarirai, achauya, ndizvo zvinotaura* J*EHOVHA wehondo*.

233 Akanga ari Johane, achizivisa kuuya kwaJesu. Uye Akauya kutemberi, chaizvo zvaAkataura, Mutumwa wesungano, Ngirozi yaiva ne . . . murenje ne—nevadzidzi, kana kuti neIsraeri. Munotenda here kuti Aiva Mutumwa iyeye? Zvakanaka Akati, "Ndakabva kuna Mwari, uye Ndinoenda kuna Mwari."

234 Zvino, sei Pauro akapihwa hurwere? Kumuninipisa.

Mushure mokunge Jesu afa, nokuvigwa, nokumukazve; mushure menguva refu, Pauro akasangana naYe, chiso nechiso, munzira yekuDhamasiko. (Akati, "Ndakabva kuna Mwari, uye ndokuenda kuna Mwari.") Pauro akatarisa mudenga. Paive neChiedza chikuru ipapo, Shongwe yeMoto imwe chete iyoyo. Munoziva zvandiri kutaura nezvazvo? Shongwe yeMoto imwe chete. Zvino Pauro akataura naYe, uye Akapindurawo Pauro. Vanhu havana kuMunzwa. Havana kuMunzwa. Asi Pauro akaMunzwa. Akati, "Sauro, Sauro, unoNditambudzireiko?"

Iye akati, "Ndimi Aniko, Ishe?"

235 Akati, "Ndini Jesu. Zvino simuka uende mumugwagwa unonzi Wakarurama. Uchaudzwa kubva ipapo zvichienda mberi. Ndine muporofita ari kuuya kuzokuudza zvokuita, munoona. Uye nokuti . . . "

236 Pauro akadzikako, akabhabhatidzwa, uye akadana kuna Ishe, akagamuchira Mweya Mutsvene.

Ipapo Pauro akati, "Ndakava nehutera hwemunyama, hwandakapihwa, dhimoni, mutumwa wadhiyabhore, anondi*shungurudza*," zvakaita se, "chibhakera pamusoro pechimwe chibhakera." Aiita zviri nani, zvobva zvadzoka, zvomurova zvakare. Akati, "Ndakabvunza Ishe ka 3, kuti vazvibvise pandiri, asi Ishe vakati, 'Pauro, nyasha dzaNgu dzakaringana.'" Akabva ati, "Pada ndaizosimudzirwa pamusoro . . . huwandu hwechizaruro."

Aiva nezvakawanda, nechizaruro, kupfuura Petro, Jakobho, Johane, kana chero mumwe wavo. AkaMuona mushure mekunge Aenda zvichida kwemakore 2, kana kudarika, akamira muShongwe yeMoto, achitaura naye. Zvikuru sei nhasi, makore 2,000, uye Iye achiri mupenyu! Ameni.

237 Akati, "Ndakapihwa, pada ndaizosimudzirwa kumusoro, ndichiti, 'Zvino, hama, ndiri pamusoro penyu mose. Maona? Nda—ndakaMuona mushure mekunge Amutswa kubva kuvakafa, uye ndikataura naYe. Ndiri . . .' Pada ndasimudzirwa kumusoro ikoko, pane chimwe chinhu chandakapihwa, kuti ndirambe ndakazvininipisa." Hongu.

238 Ndiye akavaudza kuti vabhabhatidzwezve, zvakare, muZita raJesu. Akati, "Kana Ngirozi inobva Kudenga . . ."

239 Akati, "Handina kuenda kuzvikoro zvavo, chero kwazvaive." Akati, "Handina kukwira kuJerusarema pakarepo, uye handina kwemakore 14." Akati, "Ndakaenda zasi kuEgipita, zasi kuAsia zasi uko." Zvino akabvunza Ishe, akanga ari zasi ikoko kwemakore angangoita 3, achinzvera Testamende Yekare, achizviona zvose zvichienderana. Paakadzoka, mumakore 14 akazotevera, akasangana naPetro nevamwe, uye vaiva neEvhangeri imwe chete, vaibhabhatidza nenzira imwe cheteyo, uye vakaita zvimwe chete. Ameni. Akaziva kuti akanga ari raiti. Hongu, changamire.

240 Teererai kuna Maraki zvino, neche pano, Maraki 3. Zvino, kana muchikwanisa, regai ndikujekeserei izvi. Ndinotenda . . . ngativhurei zviri nyore zvino kuna Mateo chitsauko 11, uye tione kana nda . . . ndinogona kunge ndiine izvi zvisirizvo, ndinofunga kuti ndapawana, ndichatofanira kutanga ndatarisa kuti ndiione. Mateo 11. Ngationei. Totangira pa:

> Zvino zvakaitika kuti, *Jesu* paakapedza *kuraira* kwake *vadzidzi vake* 12, akabvapo *kundodzidzisa nokuparidza* mu*maguta avo.*
>
> Uye . . . *Zvino Johane* . . . *akanga anzwa* kuti akanga ari . . . mu*torongo mabasa aKristu,* aiva . . . *mutorongo mabasa aKristu, akatuma* 2 ve*vadzidzi vake,*
>
> Uye akati *kwaari, Ko ndimi iye akanga achinzi anouya here, kana kuti* titarisire *mumwe?*

Ziso raJohane rechapungu rakanga roona madzerere, zasi ikoko mutirongo. Maona?

> *Jesu akapindura akati kwa*ari, *Endai* . . . mundoratidza *Johane* zvakare zvinhu izvo imi . . . mu*nonzwa* nekuona:

"Johane muporofita. Uye kana aka—akanzwa izvi, pane zviri kuitika, achaziva kuti ndiNi Ani." Maona? Akati:

> *Mapofu anosvinudzwa,* . . . vakaremara *vanofamba, vanamaperembudzi vanonatswa,* . . . matsi dzinonzwa, uye *vakafa* vanomutswa, . . .

"Uye masangano ose ari pamwe chete"? Haritaure sekudaro, rinodaro here? Kwete. Haridaro. Rakati:

> . . . vakaremara *vanofamba, vanamaperembudzi vanonatswa,* . . . matsi dzinonzwa, uye *vakafa* vanomutswa, *navarombo vanoparidzirwa vhangeri.*

Hecho chiratidzo. Tarisai:

> Zvino *vakati* vaenda . . .
>
> Uye *akaropafadzwa iye,* uyo asinga . . . *gumburwi neni.*

Zvino tarisai: "Wakaropafadzwa uyo asinga*gumburwi* neNi," nemamwe mashoko, kana, "*kunyara* neNi. Akaropafadzwa uyo asingazonyari neNi." Maona?

> . . . *vakati vachienda, Jesu akatanga kuudza* chaunga *pamusoro paJohani, Makanga mabuda kundooneiko kurenje?*

Tarisai muporofita uyu zvino:

> . . . *Makanga mabuda kundooneiko* mu*renje? Rutsanga rwunozunungutswa nemhepo here?*

Kwete Johane. Oo, kwete. "Imi chizvarwa chenyoka muhuswa," akadaro kwavari masangano, "ndianiko akakuyambirai kuti mutize kutsamwa kunouya? Musatanga kuti, 'Isu tiri ve*izvi* ne*izvo*, nokuti Mwari vanokwanisa kubva pamatombo aya kumutsa vana." Oo, hama, rwakanga rwusiri rutsanga rwaizungunutswa nemhepo, pamwe chete naye.

> . . . *Rutsanga runozunungutswa nemhepo here?*
>
> Kana *makanga mabuda kundooneiko? Munhu akapfeka nguo* dzakapfava *here?* (Anofanira kuchinja zvipfeko zvake ka 2 kana ka 3 paanenge achiparidza?) *tarirai, vanopfeka* nguo dzakapfava, *vari mudzimba dzamadzimambo.*

Ndivo vashumiri vanoenda kunotsvoda vacheche, munoziva, uye—uye vonochatisa vechidiki, uye—uye voenda kuchikoro vonotaura zvakakwenenzverwa, uye, munoziva, tunhu twese tuduku utwu twechikadzi. Maona? Maona? Haavheyese munondo unobatwa nemaoko 2 kunze kuno pamutsara wepamberi muhondo. "Makabuda kunoonei, mumwe muchinda akadaro?" Akanga ari . . . Ari kuvabvunza.

> *Asi* imi *makanga* mabuda . . . kunoonei? *Muporofita here?* (Teererai.) *hongu,* zvino *ndinoti kwamuri,* uye *anopfuura kwazvo muporofita.*

Hongu, changamire. Aiva chii? Unoti, "Anopfuura muporofita here?" Aiva muporofita, *nokupfuurira.* Akanga ari mutumwa wezera iroro.

> . . . *makanga* mabuda . . . kunooneiko? *Muporofita here? hongu, ndinoti kwamuri,* uye *anopfuura kwazvo muporofita.*

> *Nokuti ndiye* uya,. . . uyo *akanyorwa zvichinzi, Tarira, ndinotuma* mutumwa wangu *pamberi* pechiso changu,. . . kuti agadzirire *nzira pamberi* pangu.

Tarisai apa muna Maraki 3. "Tarirai, ndinotuma mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu."

241 Tarisai. Zvino, Maraki 4, regai ndiverenge izvi. Ari kuzouya zvakare.

> . . . *tarirai, zuva rinouya,* richapisa *sechoto;* zvino *vose vanozvikudza,* hongu,. . .

242 Ndinhasi. Ndinofamba ndichidzika nemumugwagwa ndoona vanhu ava. Unogona kutaura navo, uye ivo vanokuseka, vanoita dambe newe. Ndinofunga, "Chii ichochi?"

Rimwe zuva, ndakanga ndichifamba, ndichidzika, padivi penzvimbo yedandaro zasi kuno. Ndaitaura nevamwe vanhu, zvino vakangoti, "Oo," ndokufamba vachienda.

Chimwe chinhu chakangoti kwandiri, "Ivo marara anopiswa neatomiki, munguva pfupi vachava madota akapararira pasi. Varege vakadaro. Wataura rugare rwako. Gadzirira ubve pano." Hareruya! Ndingadai ndisina kutaura izvozvo, ndinodaira kudaro. "Zvigadzirire iwe. Sunga chiuno chako. Ndiri kukudana." Ndicho chikonzero ndakamirira.

> *Nokuti, tarirai, zuva rinouya,* richapisa *sechoto;* hongu, *vose vanozvikudza,. . . navose vanoita zvakaipa, vachava* samashanga:. . .

Ndizvo chaizvo zvazvichave. Chii chinoitika kana mukuru. . . vamwe venyu varimi; kana moto mukuru ukapisa munda wegorosi, paunenge ungori nemashanga? Unongousiya wati chechetere, wasara nemadota. Ndizvo zvichazoitika, kana iwo, kana waupisa.

> . . . *zuva* richauya *richavapisa, ndizvo zvinotaura* J*EHOVHA* *wehondo,* zvekuti haringavasiiri *mudzi kana davi.*

Hapana chavo chichasara.

> *Asi* kwamuri *munotya zita rangu Zuva rokururama* richasimuka riine *kuporesa* mu*mapapiro aro;* . . . imi *muchabuda,* nekukura *semhuru* dziri *muchirugu.*(Ndiyo Mireniyamu.)
>
> Uye imi *muchatsikira vakaipa pasi; nokuti* vachava *madota pasi petsoka dzenyu nezuva* iroro *randi*cha*ita izvozvi, ndizvo zvinotaura* J*EHOVHA* *wehondo*.

Tichibuda, muMireniyamu. "Madota evakaipa."

> *Rangarirai. . . murayiro waMosesi muranda wangu, wandakamuraira. . . paHorebhi wavaIsraeri vose,* semurairo *ne*kutonga.

Zvino, nyatsoteererai zvino.

> *Tarirai, ndichakutumirai muporofita Eria zuva guru* iroro *raJEHOVHA rinotyisa risati rasvika:*

243 Zvino, haaigona kunge ari Johane. Hazvaigona, nokuti nyika ingadai yakaparadzwa panguva iyoyo. Asi pano Akati, muna Mateo 3, Anotuma mutumwa mberi kwaKe. Zvino Jesu akati, "Ndiye Eria akanga achizouya, kuti agadzirire nzira mberi kwaNgu."

"Asi bhomba guru reatomiki iri risati rarova, Ndichakutumirai muporofita Eria."

> *Iye achadzorera* mwoyo *yamadzibaba kuvana, ne*mwoyo *yavana kuna madzibaba, kuti ndirege kuuya ndirove nyika nokutukwa.*

244 Chiporofita, muzuva rino.

Asi zvino unoti, "Oo, Eria uya, aizova Johane." Mutumwa wesungano aive Johane, zvirokwazvo. Ndizvozvo chaizvo. Jesu akataura kudaro, uye akazvisimbisa apa chaipo, "Ndiye wandataura nezvake." Asi, munoona, haaigona kunge ari Eria aizouya. Maona? Hazvaigona kudaro. Nokuti, munoona, kana zvaizodaro, zvino chiporofita chakanga chakapotsa; nyika haina kuparadzwa kumashure ikoko. Maona? "Asi zuva guru iroro rinotyisa raJehovha risati rasvika, Ndichakutumirai Eria. Uye achadzoreredza," tarisa kuuya kwake kwekutanga, "mwoyo yamadzibaba kuvana." Ndizvo zvaakaita, kutanga, akaunza mharidzo yemwaka mutsva, kuuya kwaKristu zvino, achidhonzera madzibaba ekare eorthodox kubva pakutenda kweorthodox, kupinda mukutenda kutsva kwainge kuchangozvarwa.

Zvino paanouya kechipiri, "Zvino mwoyo yevana kudzokera kumadzibaba echipentekosti, Mharidzo yepamavambo."

245 Zvino endai kuna Zvakazarurwa 3, zvino muchazviona ipapo zvakare. Saka, zvakaporofitwa. Tiri panguva yekupedzisira, hama yangu. Ndizvozvo.

246 Sevaporofita 400 vaipikisa Mikaya, vaiti tiri . . . Tiri muzuva iroro rokupedzisira, tinoziva. Muporofita wenhema, anoratidza zviratidzo zvenhema, achijoinha masangano. Vanoti, "Huya ujoinhe. Ngatibatanei. Huya ujoinhe chechi yedu. Hunza nhengo dzako. Takavhura mangwanani ano kuti utore hunhengo hwako kubva kuchechi *iyo* uchienda kune *ino* iyi." Oo, hazvina maturo. Hunhengo hwako hunokubatsirei? Kana usina nhaka Kudenga, kanganwa nezvazvo. Vaporofita venhema vacharatidza zviratidzo zvenhema.

247 Asi, tarisai, vaporofita vechokwadi, vachagara neShoko raMwari. Zviratidzo zvechokwadi zvichaunza Shoko raMwari rechokwadi kuChechi yechokwadi, uye Chechi yechokwadi ichagamuchira Shoko uye igofara pamusoro paRo. Kana boka

duku, richapihwa mumazuva okupedzisira, richava vanosara veMarudzi, vachazotakurwa.

248 Jesu paakauya, kwaingova—kwaingova nevashoma-shoma ipapo vaitenda. Boka duku raJohane ndiro rakatenda. Jesu akavatora kubva ipapo zvichienda mberi, akavaita vadzidzi ndokuenda mberi navo. Apo Eria . . .

249 Kuparadzwa pakwakasvika, nguva yaNoa payakasvika, aive chiratidzo, zvino akapinza vanhu muareka. Eria paakauya, akaburitsa vanhu munyonganyonga yavakanga vari mairi. Johane paakauya . . . Vaporofita vose vaiva chiratidzo, chiratidzo, zviratidzo, chiratidzo.

Uye Akativimbisa chiratidzo muzuva rekupedzisira. Mumazuva okupedzisira pachava nechiratidzo. Chiratidzo chisingacherechedzwi. Vanhu havachione. Vanongopfuura nepamusoro pacho, vochirega chakadaro. Hama, hanzvadzi, usajoinhe chechi. Regai nditaure izvi, mukuvhara zvino.

250 Kana wakangove nechiitiko chemamwe manyawi, kumwe kutekenyedzwa, usazorora pane izvozvo. Usazviita. Kwamuri imi vanhu. Muri . . . Ndiri kutaura kuvanhu. Ndanzwa vachidzvanya matepi rekodha kumashure uko, iko zvino. Ndiri kutaura zvino kuChechi. Maona? Teererai, regai . . .

251 Ndinotaura zvinhu zvakawanda izvi dzimwe nguva, saizvozvo, kuitira kuti vanhu vari munyika kunze kuno . . . Garai naMwari. Tarisirai chiratidzo chenyu chechokwadi. Muchachiona. Chichave pose chakakupoteredzai, asi mamiriyoni achafamba pedyo nacho uye asingachione.

Jesu paakauya, havana kuMuziva.

Havana kucherechedza Eria. Munoziva here zvavakataura Eria paakakwira kumusoro? Havana kutenda zvisina maturo izvozvo. Vakati, “Hazvina maturo.” Vana imomo chaimo muguta rake iroro, umo maaigara . . . maaigara, akaparidza, akaita zviratidzo nezvishamiso imomo chaimo munyika iyoyo, pakauya chiziviso chokuti, “Hatisi kuwana Eria; Jehovha vamutora kumusoro muchamupupuri,” vakaseka chinhu chakadaro.

252 Heunoi Eria achiuya . . . Erisha, aine zviratidzo zvimwe chetezvo paari, mufananidzo waKristu neChechi yaKe. Heunoi Eria achiuya, sa- . . . Erisha, zviratidzo zvimwe chete zvaiva naEria, achinyatsodzika zasi, achiita izvozvo, kunyange vana vavo vaduku vakamutevera kunze vakati, “Mudhara nyamhanza, sei usina kukwira saEria?” Munoona zvakaitika kuvana ivavo vaisaremekedza?

Nhasi vanoseka nekuita dambe. Usanetseke, hama, kutongwa kwakarembera mumatenga izvozvi. Zvakanyorwa pachiso chewemuAmerica wese. Ndizvozvo. Kutongwa kwakarembera mumatenga, hasha dzose dzaMwari Samasimba.

253 [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] "Vanozvidza avo vakanaka; vane mufananidzo wehumwari, asi vachiramba simba racho: ibvai pane vakadaro."

254 Usatora kutekenyedzwa. Usatora manyawi. Usatore chero chinhu kusvikira wasangana naMwari, chiso nechiso, uye worega Mweya waMwari upinde mauri. Achazadza mwoyo wako nemweya wako nesimba, nerudo, nekupisa.

255 Mwari, vandibatsire kuwana nzvimbo yangu uko, pane imwe nzvimbo mumazuva mashoma anotevera, ndogara ikoko kusvikira ndaona kwandichange ndichizoenda.

256 Tamirira kwenguva refu. Ndamirira kwenguva refu. Ndinorangarira ndichicheka uswa pachivanze changu kumashure uko. Pandakavaka imba iyi kumusoro kuno, Ishe vakandidana. Mudzimai wangu akachema nekuti aisada kusiya mai vake. Akati, "Zvichida vaisazochengetwa."

Zvino ndakafunga, "Ndina amai vakurawo, zvakare."

257 Ndaive ndakagara pasi ipapo, rimwe zuva, ndichicheka huswa. Ndakagara pasi. Zvakangonyatsojeka, Inzwi rakauya, rikati, "Zvipatsanure, ndobva Ndakuropafadza."

Ndikati, "Ishe Mwari, ndiitei kuti ndifare pano. Munoona zvandiri kupikisana nazvo."

258 Zvinhu zvose izvozvo zvakapera zvino. Amai Broy vari muKubwinya; Amai Branhamwo, zvakare.

"Ndochienda kupi, Ishe?"

259 Kutonga kucharova nyika ino, rimwe remazuva ano. Kune dzimwe nyika dzisina kunzwa Vhangeri. Pane nzvimbo.

260 Chero chipi chaunoita, usakanganwa mashoko angu. Usarega! Rega zvinyatsobatirira, Mwari vatore chinyoreso chesimbi uye vazvinyore mumwoyo mako, kuti urege kuzvikanganwa. Musazvikanganwa! ZVANZI NAJEHOVHA: Dzokerai kuna Mwari, nemoyo yenyu yose, dzokai. Musavimba nemanyawi, kutekenyedzwa, kana chero chinhu. Tsvaga Mwari nezvose zviri mauri, kusvikira chimwe chinhu chaitika kwauri, chekuti unoda kugadzirisa, unoda kuva nehumwari, unotya Mwari, u—unoda kurarama zvakarurama, ita izvozvo. Usazvikanganwe, nekuti tiri panguva yekupedzisira. Zvino, rangarira, tave panguva yekupedzisira.

261 Uye rangarirai izvi, ndichivhara, kuti ndinamate, muchinguvana, musakanganwa, ndinzwei, tabhenakeri! Uye kana tepi ichiri yakabatira, ndinzwei, nyika, kana kwaichaenda: Pachasimuka chiratidzo, chiratidzo chechokwadi; pamwe chakatosimuka uye hachina kucherechedzwa, chiratidzo chechokwadi icho Mwari vakagara vachipa, hachicherechedzwi.

Ngatinamatei.

262 Jesu weNazareta, seInzwi guru riya rakataura uko zuva riya, mavhiki mashoma apfuura, ndakamira parutivi, pandakanga ndichiyambuka danda riya, pedyo nemuti, zvino Mweya uya wakadzika nepamusoro pemiti iya zvino ukati, "Jesu weTestamende Itsva ndiJehovha weYekare." O Mwari, paDombo iri ndimire. Dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza. Dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza.

263 Kwemakore anosvika 30, Ishe, ndakadanidzira, nemumupata uno, Mharidzo iyoyo, handina kana kumbobva inji imwe zvayo kwaIri, kubvira pandakatangira, ingori Mharidzo imwe cheteyo, chinhu chimwe chetecho; ndichidanira vanhu kuti vadzoke, kwete kumanyawi, asi kuchiitiko chekusangana naMwari uye nekuzvarwa neMweya waKe. Oo, chii chichasara kunze kwokutongwa? Avo vari kuramba Mharidzo iyoyo, Ishe, hapana chasara.

264 Makanyatsozadzisa Shoko reNyu, kuzivisa zviratidzo zvemazuva ekupedzisira, nekuzviratidza pachena, kuti Muri Mwari, uye kuti tiri pano. Kunyangwe patinonzwa vavhangeri vakuru munyika nhasi, vose vachidanidzira. Uye guta guru renyika yedu, nedzimwe nyika dzichinongedza, uye—uye kutya kuwira pasi. Uye patinonzwa varume vakuru ava, zvichienda kusvika kuFrance, vachifanotaura kuti bhomba rekutanga richadonhera muLouisville, Kentucky, kwemazana emamaira richatsvaira nyika. O Mwari, vaive nemukana wekunzwa, asi havana kuda.

265 Mapepanhau, zvinhu zvemachechi, terevhizheni, redhiyo, zvakazviburitsa. Hapana pembedzo. Zvino, Ishe, Makati, "Vose avo Baba vakaNdipa vachauya, uye hakuna munhu angauya kunze kwokunge Baba vamukweva kutanga."

266 Zvino, Baba, ndinozvinamatira munamato uyu pachangu. Ndiri pano, ndavakusvika pakuva mutana zvino, uye handizivi kuti tasarirwa nemazuva mangani, Ishe. Tinogona kunge tisisina kunyangwe nhasi uno. Asi chero asara, Ishe, uye asara muhupenyu hwangu, O Mwari, zvinokwanisika here kuti Muchiatora moita chimwe chinhu nawo, kuti mupiwe mbiri yeNyu?

267 Ndinozvinamatira ini kutanga, Ishe, kuti Mundipe kuda kweNyu. Kuda kweNyu ngakuitwe, Ishe, chero zvakungava. Ndinoda kuti zvizonzi pazuva iroro pandinouya kuzosangana neMi, "Wakagona kwazvo." Kana chiri chikuru, kana chiri chidiki, chero chiri mumoyo weNyu mukuru chehupenyu hwangu, Ishe, ndiri pano.

268 Tumai Ngirozi ine zimbe remoto ichenese miromo yedu uye itichenese, Ishe, kuitira chimwe chinhu chikuru chekupedzisira chave kugadzirira kurova nyika. Ngativei inzwi riri kudanidzira murenje rechivi, "Gadzirirai kusangana naMwari."

269 Chechi ino diki, vanhu ava vanouya, zuva nezuva, uye vachityaira mazana emamaira, O vemuna Ziyendanakuenda vane rudo, uye vasingafi vakakanganwa chinhu, Mwari waAbrahama, Isaka, naJakobho, Vakamutsa Jesu kubva kuvakafa, uye zvino Agere kuruoko rworudyi rweHumambo Kumusoro, Mwari vagere munyama, ropafadzai vanhu ava vandinoropafadza muZita reNyu. Ngavagare vachirangarira nokuziva kuti pane chiratidzo, chiratidzo chemagumo. Ndinonamata kuti Mugovapa, uye muvaite vanowanawo vevamwe: pabasa ravo, chero kwavangave, pamakona enzira, panodirirwa peturu, kana chero kupi zvako kwakungava, kupupura muchitoro chemagirosa, kune murume anotengesa mukaka. Chero zvazvingave, Ishe, kana chimwe chinhu chikavayambira pamwoyo yavo, dai vakave chapupu. Dai vararama hupenyu wehumwari hwakacheneswa kwazvo kusvikira vanova tsamba dzakanyorwa dzinoverengwa nevanhu vese.

270 Mwari, ropafadzai madzimai edu. O Mwari, ndinonamata kuti Muchaita kuti vageze zviso zvavo, avo vasingadaro, torai . . . pendi yaJezebheri yekupoda iyoyo kubva pavari. Ngavave nekushinga kweMakristu, neMweya waMwari pamusoro pavo, zvakakwana, zvekuziva kuti havafanire kupfeka hembe idzodzo dzine tsvina dzavanopfeka. Vorega bvudzi ravo richikura, semadzimai kwawo. Nokuti zvakanyorwa muBhaibheri, “Rakakosha bazi diki riya mumaziso aShe richapukunyuka zvinhu zvose izvi zviri kuuya muzuva rekupedzisira. Richava rinobwinya pamberi paMwari,” sekufanotaurwa kwazvakaitwa nemuporofita. Mwari, zviitei izvozvo.

271 Hapana chimwezve chandinogona kuita. Ndakadanidzira nenzwi rangu, kwegore negore, Ishe. Uye kunze kwekunge Imi mafamba zvino, hapana chandinogona kuita. Ndinonamata kuti, kuti Muchadaro. Uye ndinoziva kuti Muchazviita, nokuti Makazvivimbisa muShoko reNyu. Uye ndipo pandimire. Ndinogona chete kupa huchapupu, Ishe. Zvino hapana munhu anogona kuuya kunze kwekunge Mamukweva; uye vose avo Baba vakapa vachauya. Ndine chivimbo ichocho, chokuti Shoko reNyu richachengetwa. Tiropafadzei, Ishe.

272 Uye kana paine avo pano vari kungozembera pakutekenyedzwa, pamwe vakadanidzira, ivo, pamwe vane Mweya Mutsvene, kana . . . Hatingazviverengi izvozvo, Ishe, nokuti takaona vanhu pamitambo yebhora, vachidanidzira. Takaona vanhu pazvimbo dzemafaro enyika, vachidanidzira. Takaona vaya vaifara kwazvo kusvikira vochema, vari pauriri, vachidhanza, nezvimwe zvinhu zvose izvozvo. Izvozvo hazvisi iMi, Mwari.

273 Asi kusangana neMi nekutaura neMi, uye iMi muchipindura, ndizvo zvatinoda, Ishe. Oo, ndinoKukumbirai, Mwari, panguva ino chaiyo, kuti Mutumire Mweya Mutsvene wacho

mukamuri, nzvimbo ino, yakazvininipisa. Hapana nzvimbo yakakodzera yekuti Uuye. Asi ndinonamata, Mwari, kuti, nenzira yeNyu pachenyu, kuti MuUtumire iye zvino mukamuri. Ipai kugutsikana kumweya.

274 Sezvandambotaura chinguva chadarika, Ishe, pamwe Maisa chigumbuso munzira yemumwe munhu, pamusoro pekudanira kuartari uku, vachigombedzera uye nekunyengetedza vanhu kuti vaendeko. Zvino patinodzoka gore rinouya, tinovawana vava mwana wegehena zvakapetwa kaviri kupfuura zvaaiva pakutanga. Vangauya sei kunze kwekunge Imi mavapa kugutsikana uye nekuvapomera, Mweya Mutsvene mukuru?

275 Uye ndinoKukumbirai, Ishe Mwari, kana mutadzi iyeye murume kana mukadzi, mukomana kana musikana, ari muchivakwa chino mangwanani ano, kuti Mweya Mutsvene uuye nesimba rekupa kupomerwa kusvikira misodzi yoyerera pamatama avo uye yadonhera mumweya yavo, Ishe, kuti kubva pakadzika pemwoyo yavo vagotenda nokugamuchira Kristu. Zviitei, Ishe. Havazodi artari. Mweya yavo ichava artari yavo. Zviitei, Ishe. Ipapo vanobva vazouya kwaMuri nemoyo wose, uye voti, "Ini zvino ndinoda kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti ndiregererwe zvivi zvangu zvandatendeuka." Zviitei, Ishe. Vazadzei neMweya Mutsvene.

276 Tipei vavhangeri munyika nhasi, kwete vaya vanonyengetedza nekukweva, nekuita vana vesangano. Mwari, Zvimutsirei vamwe vana. Itai kuti vanhu, Ishe, vanamate. Ndiri kufunga nezveimba yaKonerio. Zvakanga zvisati zvamboitika kune Murudzi kumashure, asi vakanga vachitsanya nokunyengetera. Zvino munhu waMwari iyeye, muporofita uya, paakamirapo, "Zvino wakati achitaura mashoko aya, Mweya Mutsvene wakawira pamusoro peavo vakanzwa Shoko." Mwari, itai kuti pave nemusangano wakadaro. "Apo Petro achiri kutaura mashoko aya." O Mwari, vakanga vakagadzirira. Vakanga vachitsanya. Vakanga vakamirira. Vaive vakaperera. Vakanga vasiri "kumira" chete, vaive "vakamirira kusvika."

277 Vaapostora ivavo vakamirira kusvikira Mwari vaburuka pakati pavo, uye vaigona kuVaona nokutaura naVo. Vakabuda nemoyo yaipisa nyika kusvika yaita chipapata. Vakanga vakashinga, uye vakamira pakati munzvimbo pazvaigona kureva kuti ivo vaizogurwa musoro wavo. Vakati, "Zvakanaka here kuti tikuteererei imi, kana masangano enyu, kana imi varume vemasangano? Kana kuti, tochiteerera Mwari here? Zvionerei." Zvino pakarepo, pavakangoregedzwa, vakabuda vakanoparidza Zita raJesu Kristu zvakare. O Mwari, tipei—tipei vakadaro, Ishe.

278 Simudzai uyu waMuri kutaura nezvake muMagwaro, kwatiri. Muzodzei, Ishe. Ndinomudana. Mutumei, Ishe. O Mwari, mwoyo yedu ine nzara iri kuchema. Mutumei, Ishe,

achadzosera vanhu vachidzokera paKutenda kwemadzibaba zvakare, zvichavabvisa pane zvimbwasungata zvesangano, vopinda muchiitiko chechokwadi naMwari, sezvavakaita paPentekosti, chechi chaiyo zvakare, ichipfuta, ine Mharidzo imwe chete, Kutenda kumwe chete, Dzidziso imwe chete, Bhaibheri rimwe chete, Mwari mumwe chete ane chiratidzo chimwe chete. Timutsirei muporofita, Ishe.

279 Podzai vanorwara vari pakati pedu nhasi, Ishe. Kune avo pano vanoshaya. Ndinovanamatira, Baba. Ndatora nguva refu kwazvo, ndakamirira mangwanani ano, uye pane avo vagere pano.

Humwe usiku, muapostora Pauro paaiparidza husiku hwose, mumwe jaya akadonha kubva muchivakwa ndokuzviuraya. Akabatwa nehope. Akanga asingade kudaro, asi a—akabatwa nehope. Zvino akadonha, uye hupenyu hwake hukaenda. Zvino muapostora akanamata, hupenyu ndokudzokera maari zvakare.

280 O Ishe Mwari, kune vazhinji pano vakabatwa nehurwere. Uye apo tatora nguva refu tadarikira nguva yekubuda muchechi, pane avo vari kurwara. O Mwari, regai simba riya, Mweya Mutsvene iwoyo—iwoyo unouya pachawo uri muShongwe yeMoto, Uyo unoZvizivisa uye unoZviita kuti uzivikanwe kuti ndiWo Ani, uye isu tinoUtenda, ngaUkomberedze munhu wese ari pano nhasi. Podzai vanorwara. Zadzai noMweya. Ipai rudzikinuro nenzira dzose, Ishe, dzatinorwuda. Zadzai mwoyo yedu nokutenda, Mwari, nokutenda kusingafi, nokutenda kusingarerutsi kuti tine ZVANZI NAJEHOVHA. Zviitei, Ishe.

281 Vanhu veNyu, Mharidzo yeNyu, Shoko reNyu, varanda veNyu. Uye dhiyabhore haana simba patiri. Haagoni kana kutiparadza kana tabhenakeri iyi yaparadzwa. "Nekuti kana tabhenakeri ino yepanyika yaparadzwa, tine imwe yakatomirira kare." Haagoni kutikuvadza, nokuti chose chiri muvengi wedu muvengi weNyu, nokuti tiri veNyu. Takatengwa nemutengo, weRopa rinokosha raJesu.

Naizvozvo, imi madhimoni akasunga vanhu ava nehurwere, ndinokurayirai, muZita raJesu Kristu, kuti mubude mune mumwe nemumwe wavo. Somuranda waMwari, anotaura kuti Shoko iri iChokwadi, vasiyei. Hamuna kodzero. Zvose zvamakamboti munazvo, zvakakanzurwa paKarivhari. Uye hamuchagona kuramba makavabata.

282 Zvino, Mwari, ipai murume nemukadzi wese, mukomana kana musikana ari muno, kutenda kuti atende izvozvo. Shoko rakataurwa. "Kana ukati kugomo iri, 'Ibva,' uye usingapokane mumwoyo mako." "Munamato wekutenda unoponesa vanorwara." "Unowana zvauri kukumbirira." Tinozviziva. Tine chivimbo ichocho muna Mwari. Kana tiine kutenda zvachose, kana Mwari vachigara matiri, tinozvitenda izvozvo. Uye ndinoziva kuti ndizvozvo, Ishe. Saka, zviitei,

nhasi, kuitira hurwere neruponeso. Kana kuti, ndinofanira kunge ndati, kana kuti ndingadai ndati, ruponeso kutanga uye tevere hurwere. Zviitei, Ishe, nokuti mweya unokosha kupfuura mutumbi.

283 Asi avo vari, dzimwe nguva, mweya yavo yakaponeswa, uye mutumbi wakare uyu uchiri waSatani, uye anoziva kuti achautora panguva yekupedzisira. Achaupwanya oudzosera kusvikira tumbuyu twepanyika twuchatakanya mauri twoudya. Asi haazombofi akabata mweya iwoyo, nekuti ipfuma yakakosha yaMwari. Uye kubudikidza nehupenyu ihwohwo, sehwakabuda mushizha, hunodzokera kuna Mwari Vakahupa; huchabuda mumwaka unotevera, nemutumbi mutsva uyo Satani asingambokwanise kubata. Kana kuchembera kana chero chii zvacho chingamboubata. Unenge uri mutumbi wakabwinyiswa. Tiri kutarisira iwoyo, Ishe. Ropafadzai vanhu veNyu zvino. NdeveNyu. Uye ndinovaisa muruoko rweNyu. Ndinokumbira izvi muZita raJesu.

[Hama Neville vanopa kurudziro—Mupepeti] Kubwinya! Rumbidzai . . . [Imwe hama inopa kurudziro.]

284 Harisi shoko rangu. IShoko raVo. Oo, zvatinoda, nguva ino—nguva ino yatiri kurarama! Hamunzwisisi here, shamwari, kuti Mwari havauyi kune vane mukurumbira vakuru? Vanogara pakati pevakazvininipisa, zvinhu zvidiki, zvakaninipa. Zvichida haugone kucherechedza zviri kuitika iko zvino, zviri kufamba muchivakwa chino, zviri kufamba pakati pevanhu ava iko zvino.

285 Sei Mweya wati, kwekutanga, "Ndisati ndavaita chero chinhu," kuburikidza naHama Higginbotham, "tarisai Mharidzo ino, nokuti NdaIunza," *chimwe chinhu* chakadaro, "kukuyambirai nezvechinhu chiri kuuya ichi"? Tarirai zvaitika.

286 Zvimwe zvinhu, Magwaro andanga ndakanyora pasi apa, handina kana kumboabata, ndatozobva paAri chaipo. Ndatungamirirwa kunze uko neMweya Mutsvene. Maona? Mamwe eMagwaro, handina kana kumboabata. Ndangobva ndaenda pane chimwe chinhu, zvachose. Apo neapo, ndichinzwa chimwe chinhu chichiuya, ndovhura ndoona pachiri. Mweya uchitaura nekumativi ose zvino.

287 Oo, vanhu, ivai makatendeseka, ivai makaperera. Musaedza kuzorora pane . . . Munoona, muri—muri kutarisira chimwe chinhu chikuru uye chinopenya.

Apo, vaporofita vose, kunyange Dhavhidhi akati, "Pakuuya kwaShe, kuti, gomo rose richaderedzwa, uye nzvi—uye nzvimbo dzakaderera dzichazokwidziridzwa." Akati, "Makomo achapembera semakondohwe madiki, uye mashizha ose achaombera maoko awo." Zvino, ko vanhu vakafunga kuti zvaizovei, apo . . . Jesu paakauya?

Zvakazove chii? Muparidzi wekare akaninipa, akanga asina kudzidza. Pamakore 9 okuberekwa, akaenda murenje,

kwete kuti anodzidziswa nomunhu, asi kuti—kuti anodzidziswa naMwari. Akabuda, ndokumira akamonera chidimbu chedehwe regwai, aine makushe kumeso kwake kwese, ane mvere muviri wose, uye bvudzi rakarembera nehuro yake. Achigara kunze murenje, achidya mhashu, dzinova hwiza, mhashu dzemusango nehuchi, paaigara murenje. Zvino akauya, akamira mumatope pamahombekombe, uye akaparidza kuuya kwaMesiya. Zvino Mesiya akafamba akadzikako, ari Murumewo zvake pakati pavanhu, ndokubhabhatidzwa. Zvino vaporofita vose vakazvitaura kuti chaive chimwe chezvinhu zvikurusa zvakamboitika, uye chaiva. Maona?

288 Vanotsvaka chimwe chinhu chikuru, chimwe chinhu chinopenya, kuti chiitike. Maona? Mweya Mutsvene haupenye. Unobwinya. Kupenya ndekwenyika. Kubwinya ndekwaMwari.

Bwinyai pamusoro pangu, Ishe, ndiwo munyengetero wangu. Ndininipisei. Nditorei, mundiumbe mundigadzire. Mweya waMwari mupenyu, fambai patsva pandiri. Ndiumbei, ndigadzirei. Ndiitei weNyu pacheNyu, Ishe. Ingonditoraiwo.

289 Ndiri kungonyatsoziva kuti Mweya waKristu uri kufamba uchitenderera nemuchivakwa chino pano mangwanani ano. Mwari vachatonga nyika vari pano chaipo zvino, zvemazvirokazvo sekumira kwandakaita papurupiti ino. Zvaitika ka 1, 2, 3 kusimbiswa kwazvo, kweShoko, chaizvoizvo zvakataurwa neBhaibheri. Maunzwa uchinyarara here panguva iyoyo, mushure mazvo? 1, 2, 3, zvese zviri muhurongwa hwepamweya, zvese zviri muhurongwa hweMagwaro. Oo, zarurai mwoyo yenyu munzwisise. Oo, nguva yakadaro, chingaitika panguva inoka!

290 Vakanga vari muimba yepamusoro, vose vari muhumwe, vakamirira. "Nokuti vanomirira pana Jehovha vachavandudza simba ravo. Vachabhururuka namapapiro sechapungu."

291 Usangoenda kumusoro ikoko woti, "Ishe, ndine urombo nezvivi zvangu. Zvino nokutenda ndinogamuchira kuti ndava neMweya Mutsvene," wobva waenda.

"Avo vanomirira pana Jehovha," mavhiki, mazuva, chero zvazvingava, "vachavandudza simba ravo. Vachabhururuka namapapiro echapungu. Vachamhanya uye havazoneti. Kana vakafamba, havazoperi simba. Ndidzidzisei, Ishe, ndidzidzisei, Ishe, kumirira." Kumirira pana Jehovha.

292 Masikati nehusiku, nguva dzose, Ana akanga ari mutemberi, achinyengetera nguva dzose, masikati nehusiku. Pavakaunza Jesu mukati, akapindamo, ari bofu, akafamba-famba, nemuchivakwa. Mudzimai bofu akaisa maoko ake paAri ndokurumbidza Mwari. Nokuti, muhupofu hwake hwepanyama, mumweya wake, akafambiswa neMweya, kusvika paAkanga akamira.

293 Ipapo, Simioni, akaMumirira, kumashure mukamuri yokunamatira kumashure ikoko, aiziva kuti akanga aine vimbiso, noMweya Mutsvene, kuti haaizofa; ari mutana, wemakore 80, ava kusvika makore 90 ekuberekwa. Uye akanga ari . . . akaudza vanhu pachena, “Handisi kuzoona rufu kusvikira ndaona Mesiya.” Uye panguva imwe cheteyo, kaMwana kadiki kekare . . .

Aiva chii? Kwete munhu ane mukurumbira, varindi vese vakamirapo vasingatsukunyike pavakaunza Mesiya mukati, akaputirwa zvinotapira chaizvo uye zvakanaka, uye zvichiyevedza nekushongedzwa, uye akaiswa zvinonhuhwirira sevana vacheche vanouya kuzokumikidzwa. Asi amai vadiki vakanga vataurwa zvakaipa nezvavo, vakati, “Akave neMwana, vasati varoorana.” Akaputirwa nemicheka, yepajoko, nemachira epajoko renzombe akaMuputira, vachifamba vachienda nemuchivakwa, uye munhu wese achimira kure naYe.

Asi herinoi boka duku riya ndokuuya, boka riya duku. Anna, mumwe wacho. Simioni, mumwezve, achifamba achidzika nemumutsara, asingazivi nguva yaaizoisa maziso ake paAri. Uye akasimudza maoko akati, “Ishe, chiregai henyu muranda weNyu achienda hake norugare zvino, maererano neShoko reNyu, nekuti meso angu ari kuona ruponeso rweNyu.” Hum. Maona? Pasina chikuru, chinopenya. Kubwinya; uye kunyangwe chichitaurwa zvakaipa nezvacho, chaive chiratidzo.

294 Uye, nhasi, chiratidzo chinotaurwa zvakaipa nezvacho. Hachina anobatirana nacho. Icho—Icho . . . Chinotaurwa zvakaipa nezvacho, uye nokutumidzwa zvese-zvese. Asi chiratidzo chisina kucherechedzwa, chiratidzo chinotaurwa zvakaipa nezvacho. Bhaibheri rinotaura nezvazvo, “Chiratidzo, chinotaurwa zvakaipa nezvacho.”

295 Ngatirangarirei izvi tichienda kudzimba dzedu. Musamborega Mharidzo iyi ichifa mumwoyo menyu. Chero zvaunoita, usazviita. Fungisisa pamusoro paCho, masikati nousiku. Uye namata, masikati nehusiku, kuti Mwari vasimudze chapupu chaVo zvino. Takagadzirira, nokuti ndinotenda, nenguva isipi, nguva haizovapo. Tiri kuuya . . .

296 “Sei, zvichave rinhi, Hama Branham?” Handizive. Zvichida nhasi. Anogona kuva mangwana. Kana asiri nhasi, ndichange ndichizvitarisira mangwana. Uye zvinogona kunge zviri gore rino, gore rinouya, makore 10. Pamwe makore 30, handizivi kuti zvichave rinhi. Asi ndinoti, kubva zvino zvichienda mberi, iva wakagadzirira miniti yega-yega.

297 Uye usangotora chimwewo chinhu zvacho. Usadaro. Usazorora, siku nesikati, kusvika wataura naMwari. Zvichengete kubva pakupengereka. Usabatwe nemanyawi. Usadaro. Ndizvo zvinounza zvinhu pakupfuurira mwero uye zvoita kuti vanhu vazvitye, munoona, imhaka yekupengereka

kunopfuurira mwero. Usagamuchire izvozvo; kwete zvachose. Gara ipapo kusvikira wataura naMwari. Shure kwezvo, mweya wako, uye iwe ndiwe uchagara muZiyendanakuenda mhiri ikoko. Uye iva nechokwadi chekuti haungoiti zvekukwazisa maoko nekutaura chitendwa, kana—kana kugamuchira chimwe chinhu nokutenda. Usaite izvozvo. Iwewe taura naMwari. Rega Mwari vataure newe, uye ugoona zvinoitika kwauri. Tarisa zvishuwo zvako nezvinoitika, uchabva waziva kuti wakataura naMwari here kana kuti kwete.

298 Kunemi matenda kwaAri mangwanani ano. Kunemi, zvino nda—ndataura nezvekudanira vanhu kuartari. Unoziva here maitiro avakazviita nawo muBhaibheri? "Vose vakatenda kunaShe, vose vakatenda kunaShe vakabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti varegererwe zvivi zvavo." Kana iwe usati . . . Hatina kumboita zvekudanira vanhu kuartari. Havana kumbova nevanhu vakauyako. Paunoita izvozvo, unokumba zvose. Heunoi muchinda anouya kuartari, achiratidza kuzvikudza, zvino opfugama, nokuti mumwe munhu aedza kumuunza. Iwe—iwe—iwe uchaomerwa zvakapetwa kaviri kuti uzombomuunza zvakare. Maona? Uye unoita sei? Unowana zvese makuri. Zvino Jesu akati, "Vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri." Garai neShoko iroro. Mwari vachaita zvimwe zvacho zvose. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Mwari vachaita zvimwe zvacho zvose.

299 Mwari vakuropafadzei. Ndinotarisira kukuonai zvakare manheru ano, ndinovimba, mumwe nemumwe wenyu anokwanisa. Ndinoziva vazhinji venyu munofanira kunge muchigara kunze, kure. Ndichange ndiri pano, manheru ano, kuti ndinzwe hama yangu, kana kuri kuda kwaMwari. Handidi kutora mharidzo dzavo dziri mbiri.

300 Uye—uye Hama Neville munhu waMwari anotapira. Uye ndinoziva, ndinoziva uyo . . . Pandinovanzwa vachiparidza, ndinoziva kuti zviri kunyatsobva mumwoyo mavo. Ndinozviziva. Uye Hama Neville, sezvavakataura humwe husiku, chitaurwa chiya, vakati ndakaita chimwe chirevo chekuti, "Rimwe zuva ndichavabhabhatidza muZita raJesu." Ndakazviita. Sei? Ndakaona kuperera nekutendeseka mavari. Ndaiziva kana ivo . . . zviri zvagona kupiwa kwavari, uye nokuvaona . . . uye ivo—ivo vainyatsoRiona, maziso avo aizozaruka, vaizoRigamuchira. Ndakamirira, uye ndichiudza chechi, "Musanetseke, muparidzi uya weMethodisti achaita zvakanaka." Zvino hevanoi ava nhasi uno, mufundisi wetabhenakeri, vakanyatsosimba pabasa sekugona kwavo, muMharidzo. Vanotenda muna Mwari. Uye ndinoziva, kana ndikanzwa chimwe chinhu chichibva kuna Hama Neville, ndinoziva kuti ndechemazvirokwazvo, chichibva kuna Mwari, nokuti ivo imhando yemunhu akadaro.

301 Ndaisa maoko angu pamahengechepfu enyu pano anamatirwa. Ndichivimba kuti, mumwe nomumwe wenyu

agamuchira ropafadzo kubva kuna Mwari. Ndinovimba kuti Mwari vari mumoyo mako.

302 Hati—hatiuye pano kuti—kuti tiwane ropafadzo kubva kuna Mwari, zvakanyanya, patinouya pano. Mazuva ese atinofema mweya, tinowana ropafadzo kubva kuna Mwari. Zvatinouyira pano kuzoita, kugadziriswa, kugura, kudzingisa mwoyo yedu, nokuenda pamberi paMwari, uye nekutenda Mwari nemwoyo yedu yose.

303 Rangarirai Shoko raShe. Uye musakanganwa, uye musakundika, kutarisa kune chiratidzo chechokwadi chakatumwa kubva kuna Mwari.

Zvino ndichadzorera shumiro kuna Hama Neville, ndovarega kuti vataure chose chavanoda kutaura.

[Hama Neville vanoti, "Zvirokwazvo, ini zvangu, ndiri kukuudzai, ndaziva kuti Mwari vasimbisa zvatanga tichitarisira mukutanga kweshumiro. Pandinotarisa pane zviso izvi, mangwanani ano, ndinoziva kuti zvanga zvakanaka kuti manga muri pano, uye zvange zvakanaka kuti ndanga ndiri pano, uye ndanga ndichifanirwa kunge ndiri pano, uye iwe wanga muchifanirwa kunge uri pano. Basa rako razadziswa nemazvo kana ukazvikoshesa saizvozvo. Zvaunazvo mangwanani ano, unogona kuzviwana nekuti wazvigamuchira kubva kuna Mwari.]

["Uye pakarepo tiri kuzova neshumiro yerubhabhatidzo, ichitevera izvi. Zvino Hama Willard Collins vachange vachitungamirira mushumiro yerubhabhatidzo, uye tine 2 kana vanopfuura vanoda kubhabhatidzwa. Uye tinoda kuona vanhu 100 vari kuda kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, mangwanani ano."]

Ameni!

["Tsunga kuratidza kutenda kwako nenzira inooneka. Kutenda harisi basa. Kutenda, kunotaurwa nezvako, hakuna chakwakanakira. Asi kutenda, kunoratidzwa, ndihwo hurongwa hwemuBhaibheri."]

Ameni! Ndizvozvo.

["Kubudikidza nokuteerera, kutenda kunogona kuratidzirwa. Dai Mwari vapa kuna ani zvake, mangwanani ano, ari pano, anonzwa kuda kuita kudaro, dai wauya. Kana izvi zviri, kana izvi zvakati budei zvishoma kubva pane hurongwa hwako hwezvawaronga, kana kuti pamwe wanga uine mumwe wekunoonana naye izvozvi, kana chimwe chinhu, kana uchikwanisa kumbomisa izvozvo, uye wopfuurira nechiito ichi chekuteerera, ndinotenda sehama yako yakazvininipisa muna Kristu, uye semushandidzani pamwe chete nemuporofita waMwari, ndinotenda kuti ingava—ingava sarudzo yako yakanakisa, kuita sarudzo iyoyo zvino."]

Mwari ngavazviite!

[“Uye ita kuti uuye, uzotora nzvimbo yako pakati pevamwe vachazobhabhatidzwa, kuti ugove muboka iri, rinogadzira boka duku. Oo, zvinoshamisa, handizvo here? kuva mumwe waKe, uye kuva maererano neShoko raKe. Ngatisimukei tese pamwe chete, tichigadzirira kubuda.]

[“Svondo inotevera, Hama Branham vachadzoka kuzova nesu zvakare. Ngatirangarirei chiziviso ichocho. Vati vachange vari pano manheru ano, asi havana kutaura kuti vanozoshumira. Zvisinei, chishuwo changu ndechekuti, nguva dzose, kuti vazozviita. Uye havafanire kuti vatye pamusoro pepandakamira nezvazvo. Chishuwo changu chiri mazvirokwazvo, kuziva kuti Mharidzo neku—kudanwa, hofisi yavainayo, ndeicho chinodikanwa zvikuru chezuva rino rokupedzisira. Ndinovapa mukana, chero nguva.]

[“Ndichataura izvi pamberi pevanhu pamwe naivo: ini, nemufaro ndinopa nzvimbo, chero nguva, mune chero shumiro, kuitira Mharidzo yakakosha iyi yandinotenda, nokuti Mwari vataura kubudikidza ne 2 vedu, mangwanani ano, vachiratidza chiratidzo cheizvi. Uye ndinofara kuva nemukana wokukwanisa kuva wacho anogona kuvapa nzvimbo.]

[“Uye ndaingada, manheru ano, zvokuti ndingazofara kudaro, kana hama yedu, nemuranda waMwari nemuporofita, vanga vari kuda kuita saizvozvo, nomufaro mukuru ndaizopa nzvimbo kwavari. Pashoko ravo chete-chete, chero zvavanonzwa. Asi, vataura, uye tichangoisa magumo enyaya yacho yose mumaoko aMwari Samasimba.”—Mupepeti]

304 Hawaigona kukumbira chimwe chinhu chinotapira kupfuura ichi, mungadaro here, kubva kuhama chaiyo? Chikonzero icho ini . . . Munoona, shamwari, ndi—ndinoziva kuti munondida. Munoda Hama Neville. Munoda vanhu vaMwari vose. Tinodanana. Kana paine nguva yatinofanira kuwedzera kudanana, ndinhasi. Tinofanira kuva takabatana pamwe chete kwazvo, hama, zvekuti tinongo . . . Taizopfuura hama nehanzvadzi dzeropa chaidzo. Ndirwo rudo rwunofanira kuva mumwoyo yedu kune mumwe nemumwe, ruremekedzo nerukudzo, zvepamusoro-soro. Uye ndinozvifarira. Ndinofarira chinhu ichocho chechokwadi.

305 Uye pano, Hama Neville, naHama Higginbotham, Hama . . . Ndinotenda kuti vanga vari Hama Funk, hazvina kana kunzwika savo, vapa shoko iroro kumashure uko. Rauya . . . abva kuna Mwari, mashoko iwayo, shamwari, zvechokwadi adaro. Chero ani hake ane kunzvera kwemweya anozviziva.

306 Asi hezvinoi zvazviri. Mukuuya, ndi—ndinofarira Hama Neville zvakanyanya kusvikira ndinofunga izvozvi, munoona. Ini—ini handifarire kutaura chinhu kunze kwekunge ndiine chimwe chinhu chabva kuna Mwari chekukuudzai. Maona?

Zvino ndaive neizvi—izvi zvakauya mumoyo mangu, mazuva 2 kana 3 apfuura, uye handina kumbozvitarisa zvakanyanya kusvikira manheru akapfuura, ndikaronda Magwaro mashoma. Ndicho chikonzero ndauya kuzozviparidza. Zvabva mumaoko angu zvino. Maona? Chero zvaunoita nazvo, zviri, zvinozova, kwauri, munoona. Asi zvabva paruoko rwangu.

307 Asi, Hama Neville neni, takangodaro. Kana ndikauya zasi kuno, kungoti—kungoti nditaure imwe nguva, uye chimwe chinhu chakadaro, uye Hama Neville vaine shoko rabva kuna Mwari, ndinonyatsogara pasi. Hongu, zvirokwazvo. Ndaizopa nzvimbo kumharidzo yaMwari, nguva dzose. Maona? Ndiwo maitiro atinoita mumwe kune mumwe. Uye ndicho chikonzero ndichiti ndicha . . . Kana—kana Mwari vasina chavanondipa, zvino, pamwe, kungotaura, uye kana Mwari vakapa Hama Neville chero chinhu, uye ndiri pano chaipo papurupiti, Svondo mangwanani, Svondo manheru, chero pazvinenge zvaita, Hama Neville vaizongo, vanozongova hama yakadaro, vanouya kwandiri, voti, "Hama Branham, ndinokutendai kuti muri muranda waMwari, asi Ishe vachangobva kundipa shoko." Mungazviita izvozvo, handiti? [Hama Neville vanoti, "Ameni."—Mupepeti] Hongu, changamire.

308 Ndaizoita zvimwe chetezvo kwavari, kana vaizotaura. Ndaiti, "Hama Neville, mungandiregererawo here? Mwari vandipa shoko. Ndinofanira kuritaura kuvanhu, iko zvino." Uye ivo, Hama Neville, vanobva vabuda munzira; hapana mumwe wedu, mumwe kune mumwe. Maona? Ndiyo nzira yatinoita nayo. Uyezve kana isu, kana ndisina chimwewo chinhu, zvino ini . . .

309 Ndinongofarira kuvanzwa vachiparidza. Ndakavanzwa. Vangani vakavanzwa, manheru eSvondo yapfuura? Mharidzo yakanaka kwazvo, ndinokuudzai. Yanyatsosunganidza, zvataurwa mangwanani.

Uye, vanhu, ndiri kukuudzai, mune Shoko raMwari rakakwana zvokuti zvechokwadika munofanira kurarama zvakanaka nokuva makarurama.

Mwari vakuropafadzei zvino, Hama Neville.

61-1112 Chiratidzo Chechokwadi Chisingacherechedzwi
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org